

**Umwigisha Kibirengeye Ching Hai**

**Urupfunguruzo rw'Ukwakirwa  
n'Umuco Giturumbuka**

Agatabu k'Imponjo Gatangwa ku Buntu

# Ibirimwo

<b>Intangamarara</b> .....	5
<b>Incamahe y'Ubuzima bw'Umwigisha Kibirengeye Ching Hai</b> .....	9
<b>Ibanga ry'Isi yo Hirya</b> .....	12
Icigwa catanzwe n'Umwigisha Kibirengeye Ching Hai kuwa 26 Ruheshi 1992 , ku Cicaro c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU mu Gisagara ca New York	
<b>Umwimenyerezo: Ubuhinga bwitwa Quan Yin</b> .....	55
<b>Ingingo Zitanu Ngenderwako</b> .....	57
<b>Inyungu ziri mu Ngaburo Igizwe n'ibiterwa gusa</b> .....	59
Amagara hamwe n'imfunguro.....	60
Urutonde mu binyabuzima hamwe n'Ibidukikije.....	65
Ikigoyi Gihanze Isi .....	67
Amagorwa y'Ibikoko.....	67
umuryango w'Abatagatifu n'Abandi bantu.....	68
Umwigisha Yishura Ibibazo.....	70
<b>uGufungura imfungurwa zigizwe n'ibiterwa gusa :</b>	
Inyishu Irama ku Ngorane zo Kubura Amazi.....	83
<b>nkuru Nziza ku Bafungura Ibigizwe n'ibiterwa Gusa</b> .....	85
<b>Ivyasohotse</b> .....	92
<b>Uburyo bwo Kuvugana Natwe</b> .....	103

**Agatabu k'Imponjo Urupfunguruzo rw'Ukwakirwa n'Umuco Giturumbuka (Kahinduwe mu ndimi zirenga 74). Ukwimura aka Agatabu ku buntu, ja ku Buhinga bwa none:**

<http://sb.godsdirectcontact.net> (Formosa)

<http://www.direkter-kontakt-mit-gott.org/download/index.htm>(Austria)

<http://www.Godsdirectcontact.org/sample/> (U.S.A.)

## Ubutumwa Bugufi

Mu kuvuga Imana canke Impwemu iruta izindi, Umwigisha atwigisha gukoresha amajambo adafatiye ku gitsinakugira twirinde ivyiyumviro vy'uko Imana yoba ifise igitsina Gore canke Gabo

We + We = Uwo

Akarorero: Iyo Imana ibishatse Yo ituma ibintu bikoreka nk'uko ubugombe bwayo buri ngo bihwane na Yo ubwayo.

Nk'umuhinga mu vyo gushushanya akaba n'Umwigisha mu vy'Impwemu, Mwigisha Kibirengeye Ching Hai akunda imvugo zose zifatiye ku bwiza bwihishije imbere. Ni na yo mpamvu yita Vietnam "Au Lac" Taiwan na yo akayita "Formosa". Au Lac ni izina rya kera rya Vietnam rikaba risigura "Umunezero". Na ho izina Formosa, risigura « Igihimbaye, » ryerekana ubwiza bushitse bw'iryo zinga n'abantu baribamwo. Mwigisha yumva ko gukoresha ayo mazina bizana ukukura mu vy'Impwemu n'umunezero ku gihugu n'abakibamwo.

*Si negukira ivyizerwa vya Buddha canke ivy'aba Katorika. Ndi uw'Ukuri kandi nigisha Ukuri. Murashobora kuvyita ivya Buddha, ivy'Abakatorika, ivya Tawo canke uko mushaka kwose. Jewe vyose ndavyakira!"*

*Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*

*“Ni twashikira amahoro yo mu mutima tuzoshobora gushikira n'ibindi vyose twipfuzza. Kunezerwa kwose, gushitswa kwose kw'imigambi y'isi n'iy'Ijuru biva mu Bwami bw' Imana- gushika aho muri twebwe tugira umwumvikano udashira, ubwenge budashira, n'inkomezi zihambaye . Ivyo tutarabironka ntituzokwumva tugononokewe n'aho twoba dufise amahera menshi canke tujejwe amabanga ahambaye”*

*Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*

*“Inyigisho zacu ni uko ico wipfuzza gukora cose muri iyi si gikore, ugikore n'umutima wawe wose. Witahure kandi wame ufata akanya ko kuzirikana buri musu. Aho uzoronka ubumenyi bwinshi, uronke ubwenge bwinshi n'amahoro kugira wifashe kandi ufashe n'isi. Ntiwibagire ko hari ivyiza wokora biri iruhande yawe. Ntiwibagire ko ufise Imana iri mu mubiri wawe. Nti wibagire ko ufise Imana mu mutima wawe.”*

*Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*

## Intangamarara

Uko ibihe vyagiye bikurikirana, ikiremwa muntu cagendewe n'abantu b'imbonekarimwe, bafise intumbero imwe yo gukuza umuntu mu vy'Impwemu. Yesu Kristo yari umwe muri abo bashitsi, co kimwe na Shakyamuni Buddha na Muhamadi. Aba batatu turabazi cane, ariko hariho n'abandi benshi tutazi amazina; bamwe bigishije ku mugaragaro kandi bari bazwi na bake, abandi nta mazina yabo yigeze amenyekana. Abo Bantu biswe amazina atandukanye, mu bihe bitandukanye no mu bihugu bitandukanye. Biswe amazina nka: Umwigisha, Uwejejwe, Urimwo umuco, Uwejejwe, Umucunguzi, Mesiya, Nyina w'Imana, intumwa, Guru, Umutagatifu muzima, n'ayandi nk'ayo. Baje batuzaniye ivyiswe: Umuco, Agakiza, Gutahura, Kubohorwa, canke Umuvyuro. Ayo majambo ashobora kuba atandukanye, ariko mu bisanzwe afise insiguro imwe.

Abashitsi bavuye mw'isoko rimwe ry'Imana, banganya icubahiro mu vy'Impwemu, ukwigenza neza n'inkomezi vyo gushira hejuru abantu nk'Abera kuva kera bari kumwe natwe ubu, ariko ni abantu bake bazi ukubaho kwabo. Umwe muri bo ni Umwigisha Kibirengeye Ching Hai.

Umwigisha Ching Hai ni umuntu atitezwe kumenyekana nk'Umutagatifu Muzima. Ni umukenyezi, kandi abenshi mu ba Buddha n'abandi bizera ko ata mukenyezi ashobora kuba umu Buddha. Akomoka muri Aziya, kandi abo mu Burasirazuba benshi biteze ko Umucunguzi wabo azoza asa na bo. Ariko, abo muri

twebwe, bava kw'isi yose, mu madini atandukanye bamaze kumumenya, kandi bagakurikira inyigisho ziwe barazi uwo ari we n'ico ari co. Kugira ushike ku gutahuzwa ibi, ugurura umushaha wawe n'umutima udahengeshanya. Bizogusaba umwanya wo kwitanga, ariko nta kindi.

Abantu bamara umwanya wabo munini mu gukorera ubuzima hamwe no kubungabunga ivyabo. Dukora uko dushoboye kugira ubuzima bwacu n'ubw'abo dukunda bube bwiza cane. Iyo umwanya ubitwemereye turanitaho ibikorwa vya Poritike, ukunonora imitsi, kuraba imboneshakure canke igihuha kigezweho. Abo muri twebwe bamaze gutahura inkomezi z'urukundo ziri mu kwegerana n'Imana barazi ko hari ibindi bintu bikenewe mu buzima kuruta ivyo. Twumva Bibabaje kubona Ubutumwa Bwiza butazwi henshi. Inyishu ku ntambara zo mu buzima zibereye muri twebwe, ukurorera. Turazi ko Ijuru riri hafi cane. Uratubabarira mu gihe twokwihenda kubw'igihababu tukavuga ibitandukanye n'ukuri kw'umushaha wawe. Ntibitworohera kuguma mu gacerere, twihweje ivvo twabonye kandi turavye n'ivyo tuzi.

Twebwe twiyizi nk'abigishwa b'Umwigisha Kibirengeye Ching Hai tukaba n'abisunga ubuhinga bwawe (ubuhinga bwa Quan Yin) tugushikirije aka gatabu k'intangamarara twizigiye ko kazogufasha kugira ico ukora wewe ubwawe mu Guhaga mu Mana nimba biciye mu nyigisho z'Umwigisha wacu canke mu z'uwundi.

Umwigisha Ching Hai arigisha akamaro ko kwirimbura, kwisuzuma hamwe no gusenga. Asigura ko dutegerezwa kuvumbura ukubana n'Imana kwacu kuri muri twebwe nimba dukeneye koko kunezererwa muri ubu buzima. Atumenyesha ko umuco atari igihishijwe kidashobora gushikirirwa uretse gusa ku woba yitandukanije n'abantu. Igikorwa ciwe ni ugukangura ukubana n'Imana muri twebwe, mu buzima bwacu busanzwe. Atangura avuga ati: Bimeze birya: Twese turazi ukuri. Gusa

turashobora kukwibagira. Kubw'ivyo, rimwe na rimwe birakenewe ko hagira uwuza kutwibutsa intumbero yo kubaho kwacu, igituma dutegerezwa kuronka ukuri, igituma dutegerezwa kurimbura, n'igituma dutegerezwa kwizera Imana canke Buddha, canke uwundi uwariwe wese twibaza ko ariwe Bushobozi Nsumbavyose mu vyaremwe. Nta n'umwe ahamagarira kumukurikira. Ashikiriza gusa umuco wiwe nk'akarorero kugira n'abandi bashikire ugucungurwa.

Aka gatabu ni intangamarara y'inyigisho z'Umwigisha Kibirengeye Ching Hai. Womenya ko inyigisho, insiguro n'ivyanditswe n' umwigisha Ching Hai birimwo vyose vyavuzwe nawe; vyafashwe amajwi vyandikwa rimwe na rimwe bikuwe mu zindi ndimi, biratunganywa kugira ngo bikwiragizwe. Tugusaba kwirabira canke kwumviriza amakaseti yiwe. Uzotahura vyinshi kuri we kuruta biciye mu gusoma ibi vyanditswe. Kanatsinda, igishingantahe nyaco cova mu kumwibonera amaso mu yandi. Kuri bamwe Umwigisha Ching Hai ni nka Nyina wabo, ku bandi ni nka Se wabo, ku bandi ni Umukunzi. Mu ncamake, ni we Mukunzi mwiza woshobora kuronka muri iyi si. Ari hano ngo aduhe, atari ukudusaba. Nta kiguzi mu buryo ubwo ari bwo bwose asaba ku nyigisho ziwe, infashanyo canke umwimenyerezo. Ico azogukurako conyene ni ukubabara kwawe, amagorwa yawe n'umubabaro. Ariko mu gihe uvyishakiye gusa.

*“Umwigisha ni uwo afise urufunguruzo ruguhindura Umwigisha...agufasha kumenya yuko nawe uri umwigisha kandi ko wewe n’Imana muri umwe. Ni ico conyene... ico ni co gikorwa c’Umwigisha.”*

*Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*

*“Intumbero yacu si iy’idini. Nta n’umwe mpindura kuba umu Katorika, canke umu Buddha, canke mu bindi “vyizerwa.” Gusa ndabafasha kwitahura, kumenya iyo muva, kwibuka igikorwa canyu hano kw’Isi; gutahura neza amabanga y’ivyaremwe. Gutegera igituma hari amakuba menshi, no kubona ikiturindiriye inyuma y’urupfu”*

*Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*

*“Twaratandukanye n’Imana kubera ko dufise vyinshi dukora. Iyo umuntu ariko akuvugisha hanyuma iterefone ikaguma ihamagara ntiwitabe, maze ukaguma witekerwa canke wiganirira n’abandi bantu, ico gihe ntawushobora kuronka ingene avugana nawe.Uko niko bigenda no ku Mana. Irahamagara buri musu ariko nta mwanya tuyiha, ah’ubwo dukomeza guca iterefone yayo. ”*

*Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*



## Incamake y'Ubuzima bw'Umwigisha Kibirengeye Ching Hai

**U**mwigisha Ching Hai yavukiye mu muryango utunze wo muri

Aulac, ni umukobwa w'umuhinga mu gukingira ibidukikije. Yarerewe muri Katorika hanyuma yigishwa inyigisho z'ifatiro za Buddha na nyinakuru. Kuva akiri muto yarerekanye kwitaho ivy'ubwenge n'inyigisho z'idini, hamwe n'umutima w'impuhwe zidasanzwe ku vyaremwe vyose bizima.

Umwigisha Ching Hai amaze imyaka icumi n'umunani yaciye aja mu Bwongereza kwiga, maze mu nyuma aja mu Bufaransa, hanyuma aja mu Budagi aho yakoreye ishirahamwe ry'Umusaraba Utukura aca yubakana n'umuhinga w'ubumenyi w'umudagi. Amaze imyaka ibiri yubatse mu munezero, yahukanye avyumvikanyeko n'umugabo wiwe ngo yironderere umuco, kugira ngo ashitse icyumviro yari afise kuva akiri muto. Muri ico gihe yariko yiga uburyo butandukanye bwo kuzirikana n'imyimenyerezo y'impwemu abifashijwemwo n'abarimu hamwe n'abigisha yashoboye kuronka. Yahavuye abona ko ari ivy'ubusa ko umuntu umwe yogerageza gufasha abantu mu mibabaro yabo, ahubwo amenya ko uburyo bwiza bwo gufasha abantu ari ukwitahura ubwawe. Yishimikije ibi nk'ihangiro ryiwe ryonyene, yatembereye mu bihugu bitandukanye arondera

Biciye mu myaka myinshi yo gupimwa, kugeragezwa hamwe n'amakuba, Umwigisha Ching Hai yahavuye atora Uburyo bwitwa "Quan Yin" **aranabonekerwa** n'Imana mu misozi ya Himalaya. Haheze igihe co kwimenyereza gutomoye, **atama** aho yari yagiye

kwibera wenyene muri Himalaya, yahavuye aronka umuco ukwiye. Mu myaka yakuriye kuronka umuco, Umwigisha Ching Hai yabayeho ubuzima bw'agacerere, **unassuming** bw'umubikira w'umu Buddha. Kuko yari afise kamere y'isoni, yanyegeje ubwo Butunzi kugeza aho abantu baje kumusaba inyigisho n'ukubamenyereza. Bivuye ku gushishikara gusaba hamwe n'akigoro vy'abigishwa biwe ba kera bo muri Formosa no muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika, Umwigisha Ching Hai yashoboye kwigisha mw'isi yose, anatanguza ibihumbi n'ibihumbi vy'aba **aspirants** nyakuri b'ivy'impwemu.

Muri iki gihe abantu benshi barondera Ukuri bava mu bihugu bitandukanye no mu madini yose bama baje kuri we ku bwinshi kubw'ubwenge bwiwe bwo mu rwego rwo hejuru. Kuri abo bipfuzza bivuye ku mutima kwiga no gushira mu ngiro uburyo bwo kurondera Umuco Wihuta, ubwo we ubwiwe yagerageje akabona ko ari bwo bwo hejuru — ubwitwa Quan Yin, Umwigisha Ching Hai yiyemeje kubafasha mu myimenyerezo no mu zindi mpanuro mu vy'impwemu.

*Iyi si yuzuyemwo ingorane  
Ni jewe Gusa nuzuye Wewe!  
Iyo uba wari washizwe mw'isi  
Ingorane zose zohavuye.  
Ariko kuko isi yuzuyemwo ingorane,  
Nta kibanza ndakuronkera!*

*Nogurishije amazuba yose, amezi n'inyenyeri  
Vyo mu kirere,  
**Kugira ngure gusakimwe mu bwiza bwawe busayangana.**  
Oh Mwigisha w'Ubwiza budashira!  
Ngirira ubuntu urasire imishwarara na mike mu mutima wanje  
ubinyotewe.*

*Ab'isi baja gutambira no kuririmbira hanze mu gicugu,  
Barongowe n'umuco w'isi n'umuziki w'isi.  
Jewe jenyene nicara **mbabaye,**  
**Mvuna ihunja** n'Ugukayangana hamwe n'Umuziki vy'imbere.*

*Kuva mpawe kumenya Icubahiro Cawe Ewe Mwami,  
Nta kintu na kimwe ngikunda muri iyi si.  
Nyakira mu Buntu bwawe bw'Urukundo,  
Ibihe vyose!  
Amina*

*Vyakuwe muri Amosozi y'Agacerere "Silent Tears", agatabu kanditwese  
n' Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*



## IBANGA RY'ISI YO HIRYA

Vyavuzwe n' *Umwigisha Kibirengeye Ching Hai*

Kuwa 26 Ruheshi, 1992 (DVD#260)

Ku cicaro c' Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, New York

(Vyavuzwe mu Congereza)

**K**aze mw' Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU. Muheze munkundire musengere hamwe mu kanya gato mu kwizera kwanyu ko dushima ku vyo dufise, ku vyo twahawe n' ivyo twipfuzaga, twizera ko abadafise ibikwiye bazohabwa nk' uko duhabwaga; impunzi ziri mw' isi, abasinzikajwe n' intambara, abasirikare, abarongoye amareta na ntaryo abarongoye Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ngo bazoshobore kurangura ivyo bashakaga kandi bazobane mu mahoro.

Turizera ko ivyo dusavye tuzabironka kuko ari ko vyanditswe muri Bibiriya. Murakoze!

Murazi ko indangamajambo y' inyigisho z' uno musi ari "Hiry a y' iyi Si" kuko ntibaza ko nobabwira ivy' iyi si ukundi. Ivyo mwese murabizi. Ariko hirya y' iyi si dufiseyo ibindi bintu. Nibaza ko mwese mwaje hano mwonezerezwa no kubimenya. Ntibimeze nk' ivyo mugenzi wacu w' umwigishwa amaze kuvuga ku vy' ibitangaza

canke ivyo ari vyo vyose mudashobora kwizera. Ni ikintu c'ubumenyi bwa cane, bitondetse neza cane kandi bifise akamaro kanini.

Twese twarumvise ko mu bwoko butandukanye bwa Bibiriya z'amadini canke Ivyanditswe, handitswe ko hari amajuru indwi, hari ingero zitandukanye zo kubitegera. Harimwo Ubwami bw'Imana, harimwo Akameremere ka Buddha, n'ibindi. Hari ibintu bimwe vyasezeranywe hirya y'iyi si. Ariko si abantu benshi bashobora gushikira ivyasezeranywe muri ibi Vyanditswe, si benshi. Sinovuga nti nta n'umwe, ariko si benshi. Dufatiye ku Bantu bose baba kw'isi, abantu boshobora gushikira Ubwami bw'Imana imbere canke ico twita, "ibiri hirya y'iyi si", ni bake cane.

Kandi niba woba uba muri Amerika, birashoboka ko ufise igihumana co gusoma ibitabu vyinshi bivuga ku biri hirya y'isi yacu. Mbere n'amwe mu masinema Abanyamerika bakoze si yose arimwo ibitabaho. Mbere hari n'amwe mu masinema yakozwe n'Abayapani usanga atari yose ari mwo ibitabaho gusa. Ni kubera ko abo bantu bashobora kuba barasomye ibitabu bimwebimwe mu vyanditswe n'abagiye hirya y'iyi si canke na bo ubwabo bakaba bamaze kubona agace ko mu Bwami bw'Imana.

None rero, ni ibiki biri mu Bwami bw'Imana ? Kubera iki twokwitaho ivy'Ubwami bw'Imana mu gihe dufise ivyo dukora bikwiye hano kw'isi, dufise n'akazi duhemberwa, dufise amazu atekanye, kandi dufise n'imigenderanire y'urukundo ikwiye, n'ibindi? Mu vy'ukuri, kuko tuza dufise ivyo vyose, twari dukwiye kwitaho ivy'Ubwami bw'Imana.

Iyo tuvuze Ubwami bw'Imana humvikana cane ivy'amadini. Mu bisanzwe ni intambwe yo hejuru mu gutahura. Abantu ba kera bavuga ko ari ijuru, ariko dukoresheje ubumenyi twovuga ko ari igitandukanye — ni intambwe yo hejuru y'ubumenyi, intambwe

Ku bw'ivyo, twese twarumvise ivy'ubuhinga bushasha buherutse gutorwa muri Amerika; ko abantu bafise n'imashini yo

gushira umuntu muri **samadhi**. Woba warabiciyemwo? Irigurishwa muri Amerika. Kuva ku majana ane gushika ku majana indwi, biva ku rugero ushaka. Bavyita ngo — ibi ni ivy'ibanabwewe badashaka kurimbura, bakeneye kwibera muri **samadhi** gusa. Mugihe mwoba ataco mwari mubiziko, reka mbacire ku mayange.

Bavuga ko iyi mashini bakoresha ishobora kugufasha kuruhuka mu mutwe, ugaheza ukaba woshika ku rugero rwo hejuru rw'Ubwenge "QI". Iyo bitegerezwa kukwungura ubumenyi, kwungura ubwenge hanyuma ukiyumva neza, n'ibindi. Iyi mashini kandi ikoresha imiziki irobanuwe, imiziki yo hanze, kubw'ivyo uca ukenera ibinyamajwi vyo kwambara mu matwi, bagashiramwo n'ukayagankuba gake ko kugukabura, birashika ukanabona n'ibikeke. Ibinyamajwi vyo kwambara mu matwi n'igitambara co kwifuka mu maso ni vyo vyonyene ukeneye kuri **samadhi**. Ibi ni vyiza cane, kandi ni amatorari amajana ane gusa — birazimbutse cane. Ariko **samadhi** yacu izimbutse gusumba, ntaco igurwa, kandi ni iy'ibihe vyose, ibihe vyose. Kandi ntukenera kwongereza umuriro n'amabeteri canke umuyagankuba, gucomeka, gucomora; canke mu gihe imashini yoba itagikora, ntibikenewe kuyikora.

Naho umuco n'umuziki vy'ibikorano vyoshobora gufasha abantu kugononokerwa no kuba abanyabwenge — vyotegerejwe kubibaha, ariko nasomye mu kinyamakuru ico vyotegerejwe gukora, ntavyo ndageza jewe ubwanje. Ni co gituma zishushwe cane kandi zikagurishwa cane, niko navyumvise. N'ivyo bintu vy'ibikorano kudufasha mu kworoherwa, mbere bikanaduzza n'urugero rwacu rwo kwiyumvira, none mwoshobora kwibaza ukuntu ikintu c'ukuri codufasha mu bwenge bwacu? Ikintu c'ukuri kiri hirya y'iyi si ariko uwo ari we wese ashobora kubushikira mu gihe avyipfujwe. Ivyo na vyo ni umuziki n'umuhindo vy'ijuru muri twebwe. Bivuye rero ku nguvu z'uwo muziki, z'umuco canke umuziki muri twebwe, turashobora kwijana hirya y'iyi si tugashika no kure cane mu gutahura.

Nibaza ko ari ko bimeze no mu vy'ubumenyi bwa''**physique**'' . Nk'iyoye ukeneye kurungika ikigendajuru utegerezwa kuba ufise inguvu zikwiye kugira ngo ushobore kugisunika, kandi naco iyo kigurutse cihuta cane kizana umuco kanaka. Kubw'ivyo nibaza ko natwe dushobora kuzana Umuco kanaka mu gihe twogenda hirya y'isi twihuta, kandi twokwumva umuhindo.

Uyo muhindo ni ubwoko bw'Inkomezi Zitigita zidusunukira mu ngero zo hejuru ariko zibikora ata rwamo rwukumvikana, ata ngorane nyinshi, ata kiguzi, kandi bitabuza amahoro Âuwubigirirwa . Uko ni ko baja hirya y'isi. None ni ibiki biri hirya y'iyi si biruta isi yacu? Ni ibintu vyose dushobora kwiyumvira n'ivyo tudashobora kwiyumvira. Iyo tubiciyemwo duca tubimenya. Vy'ukuri nta wundi muntu yoshobora kubitubwira. Dutegerezwa rero kubigumirizako kandi tugashimika vy'ukuri, atari uko nta wundi muntu ashobora kubidukorerera. Ni nk'uko ata wundi muntu yoshobora kuza kugusubirira aha ukorerera Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU hanyuma ngo ugume uhembwa. Ni nk'uko ata muntu yoturira hanyuma tukumva duhaze. Kubw'ivyo igikenewe ni uko twokwigeragereza. Turashobora kwumviriza uwabiciyemwo atwiganira ukuntu vyamugendeye, ariko ivyo ntibituma natwe tubicamwo. Dushobora kubicamwo incuro imwe, incuro kanaka bitumwe n'inkomezi z'uwo yamazwe kwegera Imana. Ni ho twoshobora kubona Umuco kanaka canke kwumva ijwi kanaka? Mu buryo busanzwe ata kigoro dushizemwo, ariko rero usanga akenshi bitamara umwanya munini. Ni co gituma dukwiye kubicamwo kandi tukabikora ubwacu.

Hirya y'isi yacu hari isi nyinshi zitandukanye. Twotanga nk'akarorero k'iyiri hejuru yacu gatoya. Ico twita isi y'ibinyamuco mu mvugo y'i Buraya. Mw'isi y'ibinyamuco baranafise ingero ijana n'imisago zitandukanye. Kandi urugero rwose ni isi ubwarwo. Kandi rwerekana urugero rwacu rwo gutahura. Ni nk'iyoye tugiyeye muri

kaminuza, buri ntambwe tugira muri kaminuza idufasha gutahura inyigisho zayo, buhoro buhoro tukaba turiko twerekeza gutsinda.

Mw'isi y'ibinyamuco, tuzohabona ubwoko bwinshi bw'ivyitwa ibitangaza kandi dushobora kuzonageragezwa n'ivyo bitangaza kandi tunabironke. Turashobora gukiza abarwaye, turashobora rimwe na rimwe kubona ibintu abandi bantu badashobora kubona. Dufise n'imiburiburi ubwoko butandatu bw'ububasha bwo gukora ibitangaza. Dushobora kubona ibiri hirya y'imbibe zisanzwe. Dushobora kwumva ibiri hirya y'imbibe z'ikirere. Kuri twebwe ikirere ntaco gitwaye. Ivyo ni vyo twita amatwi y'ijuru n'amaso y'ijuru. Hanyuma dushobora kubona mu vyiyumviro vy'abantu, n'ivyo umuntu afise mu mutwe wiwe, rime na rimwe dushobora kubibona. Ubwo ni ububasha turonka iyo dushikiriye Urugero rwa Mbere rw'Ubwami bw'Imana.

Kandi muri urwo Rugero rwa mbere, navuze ko dufisemwo izindi ngero turonkamwo ibintu biruta ivyo umuntu yashobora gusigura. Nk'akarorero, duhejeje kwigishwa, duca turimbura hanyuma iyo turi mu rugero rwa mbere duca tugira ubushobozi bwinshi bwiyongeyeko. Turashobora gutera imbere mu vy'indimi kuruta uko twahora. Mbere turamenya n'ibindi bintu vyinshi abandi bantu batazi, kandi vyinshi tubihabwa nk'ingabire ivuye mw'ijuru, rimwe na rimwe mu mafaranga, ahandi mu kazi, rimwe na rimwe mu bindi bintu vyinshi. Maze duca dushobora kwandika neza ivyese, canke gushushanya amashusho asa neza, mbere ugasanga turashoboye gukora ibintu tutigeze dushobora gukora, ndetse tutigeze tuzirikana ko dushobora kubikora. Urwo ni Urugero rwa Mbere. Dushobora kwandika ivyese tukandika n'ibitabu mu mvugo nziza cane. Nk'akarorero, dushobora kuba tutari abasanzwe bakora umwuga wo kwandika, ariko ugasanga turashoboye kwandika. Izo ni inyungu ziboneka dushobora kuronka tukiri mu Rugero rwa Mbere rwo gutahura.



Mu vy'ukuri izi si ingabire z'Imana. Ibi ni ibintu bisanzwe biri mw'ijuru muri twebwe, gusa kuko tubivyuye, bica bitangura gukora. Hanyuma rero tugaca dushobora gutangura kubikoresha. Izi ni inkuru zimwe zerekeye Urugero rwa Mbere.

Rero, iyo tugiyeye mu rugero rwo hejuru, duca tubona ibindi bintu vyinshi, kandi tugashika ku bindi bintu vyinshi. Kanatsinda sinshobora kubabwira vyose kubera umwanya. Kandi si na vyiza kwumviriza udukuru twose twiza tuvuga ku vy'imikate n'imbombo utari bubirye. Kubw'ivyo, meze nk'uwubatera akayabagu, niyo mwashaka kurya, ivyo ni ibindi. Dushobora gutanga imfungurwa mu wundi mwanya. Ego ! Mu gihe wumva ukeneye kubiryako.

Aho rero, iyo tuvuye muri uru Urugero gatoya tukaja mu Rugero rwa Kabiri, urwo twita "urwa Kabiri" mu kworoshya ibintu. Urugero rwa Kabiri—aho dushobora kuronka ubushobozi buruta ubwo mu ca mbere, harimwo n'ibitangaza. Ariko intambwe idasanzwe dushikako mu Urugero rwa Kabiri ni ukuvuga neza hamwe n'ubushobozi bwo guhanahana ivyiyumviro. Kandi nta muntu n'umwe ashobora kwifatira mu gahanga umuntu amaze gushika mu Rugero rwa Kabiri kuko aba afise ubuhizi budasanzwe mu kuvuga, kandi n'ubumenyi bwiwe **buba buhambaye cane**.

Abantu benshi bafise ubwenge busanzwe canke urugero rwo kwiumvira ruciriye hafi ntibashobora kuba nk'uyu muntu kuko ubwenge bwiwe buba ari ubwo hejuru cane. Ariko ntihatara imbere ubwenge bw'umubiri gusa, ni ububasha budasanzwe, ububasha bw'ijuru, ubwenge bunyegeteye muri twebwe. Ico gihe buca butangura kwuguruka. Mu Buhindi uru Rugero barwiita "Buddhi", bisigura urugero rw'ubwenge. Iyo rero ushikiriye Urugero rwa "Buddhi" uca uba umu Buddha. Aho niho ijambo Buddha rikomoka —"Buddhi" na Buddha. Rero ivyo ni bisigura umu Buddha. Ntibigarukiye aho. Sindababwira ivya Buddha gusa, hari vyinshi birenze ivyo.

Abantu benshi bita umuntu amaze kuronka umuco umu Buddha. Mu gihe yoba atazi ibirengeye Urugero rwa Kabiri, yashobora kuvyishimira cane. Koko, kwibaza yuko ari umu Buddha muzima, kandi n'abigishwa biwe bokwishimira kumwita Buddha. Ariko mu vy'ukuri iyo amaze gushikira Urugero rwa Kabiri gusa, aho ashobora kuraba kahise, kubu na kazozo k'umuntu uwo ariwe wese ahisemwo kandi aho afise ubuhinga bukomeye bwo kuvuga neza, ico gihe iherezo ry'Ubwami bw'Imana riba ritarashika.

Kandi umuntu wese ntabwo kwishimira ubu bushobozi bwo kumenya akahise, kubu na kazozo kuko ari ibiri mu bubiko bwitwa "akashic" nk'uko mubizi mu mvugo y'i Buraya. Umuntu wese muri mwebwe yoba akora yoga canke ubundi buryo bwo kurimbura aratahura ubu bubiko bwitwa akashic, ni nk'inzu basomeramwo ibitabu nk'iyi iri mu nyubakwa ikurikira y'Ishirahamwe Mpuzamakungu (ONU) harimwo ubwoko bwose bw'indimi. Usangamwo Icarabu, Ikirusiya, Igishinwa, Icongereza, Igifaransa, Ikidagi, vyose nk'uko biri mu nzu y'ibitabu ikurikira, ubwoko bwose bw'indimi. Mu gihe woshobora gusoma izo ndimi zose, woca umenya neza ibiriko biraba mu gihugu. Ni co kimwe rero n'umuntu afise uburenganzira bwo mu Rugero rwa Kabiri, aratahura, ashobora no gusigura neza **ibiriko biraba** mu muntu, nk'uko ubwawe uzi ubuzima bwawe.

Hari ibindi vyinshi ushobora kwungukira mu Rugero rwa Kabiri rwo gutahura. Ariko iyo umuntu amaze gushika mu Rugero rwa kabiri, biba bimaze kuba ibidasanzwe, aba amaze kuba umu Buddha, kuko uba wuguruye Buddhi, ubwenge. Aho tuba tuzi ibintu vyinshi, ibintu vyinshi tutashobora no guha amazina. Kandi ivyitwa ibitangaza vyose bishobora kudushikira, dushobora kuba tubishaka canke tutabishaka, kuko ubwenge bwacu buba bwugurutse kandi bushoboye gushikira isoko ry'ugukiza ryo hejuru, no gutunganya ibintu gushika aho ubuzima bwacu bushobora kuba ubwiroshye kandi bwiza gusumba. Kandi ubwenge bwacu canke Buddhi, buba

bwugurutse ku buryo bushobora kuronka inkuru zose zikenewe za kahise na kubu kugira dutunganye neza, canke tugerageze gusubira gutunganya canke gukosora ivyo twakoze nabi muri kahise. Aho ni kugira dukosore ikosa hanyuma ubuzima bwacu bube bwiza kurusha.

Nk' akarorero, iyo tutamenye ko twababaje umubanyi vyo wacu mu vyo twakoze tutabishaka, ico gihe duca tubimenya. Biroroshe cane! Iyo tutabimenye hanyuma uyo mubanyi wacu akatubikira inzikira yihoreye kandi rimwe na rimwe ugasanga agerageza gutegura kutugirira nabi tutabizi kubera ukudatahura canke kubera ikibi twamukoreye. Ariko ico gihe duca tumenya icatumye bishika. Rero biroroshe. Dushobora guca tuja kuri uyo mubanyi canke tukamuterefona, canke tukagira umusi mukuru, tukamutumira hanyuma tugatorera umuti ukwo kudatahura.

Ni co kimwe n'iyi tugeze ku rugero rw'ubwenge, ubwo nyene, nshatse kuvuga mu gacerere, duca dutahura ivyo vyose, kandi tugaca tubitunganya mu gacerere, canke tugakorana n'isoko kanaka ry'ubushobozi rishobora kudufasha gutunganya ivyo bintu, kugira uburyo tubaho bube bwiza gusumba, kugira igihe co kubaho kwacu kube ciza gusumba. Aho rero dushobora kugabanya isanganya nyinshi, n'ibihe tudashaka canke bitabereye bishika mu buzima bwacu. Egome ! Egome ! Kubw'ivyo, iyo tugeze mu Rugero rwa Kabiri, usanga biteye igomwe.

Kubw'ivyo, ivyo nabasobanuriye ni ivy'ubumenyi rwose kandi biri ku rutonde rukomeye kandi ntibikenewe kwiyumvira ko umu yogi canke uwurimbura ari umuntu adatahuritse canke atari uwo kw'isi. Ni ibiremwa vyo kw'isi nkatwe, gusa bateye imbere kuko bazi ingene bari bubigenze.

Muri Amerika tuvuga ko vyose biva mu kumenya uko wobigenza, ni ukuvuga ko dushobora kwiga ibintu vyose. Ni ukuri ? Dushobora kwiga ibintu vyose. Ubu rero ni ubwoko bw'ubumenyi bwo hirya y'iyi si, kandi twashobora no kwiga muri yo. Tuvyumva

nk'igitangaza, ariko uko bitera bikomera ni ko bitera vyoroha gutahura. Biroroshe cane kuruta kuja mw'ishure yisumbuye hari ibibazo n'ubufindo vy'ibiharuro bigoye.

No muri uru Rugero rwa kabiri hari izindi ngero zitandukanye. Reka ndabivuge mu nca make kuko ntoshobora kuvuga ido n'ido amabanga yose y'ijuru. Uko biri kwose muzobitahura vyose niyo mwafatanyarugendo n'Umwigisha yamazegufata urugendo. Kubw'ivyo si ibanga. Gusa ni birebire cane, nimba dutegerezwa guhagarara muri buri rugero, kandi na rwo rufise izindi ngero ntonto kandi tukaba dutegerezwa kwihweza vyose— bifata umwanya munini cane. Kubw'ivyo Umwigisha abacira ku mayange ibiri muri buri Urugero yihuta — ngo Kwa! Kwa! Kwa! Kuko nimba utitayeho ivy'ubwigisha, ntukeneye kwiga vyinshi cane. Vyogutera kurwara umutwe. Ni co gituma abibacishako gusa mugaca mutaha i Muhira kuko n'ubundi bifata umwanya munini. Rimwe na rimwe bifata ubuzima bwose. Ariko ukwakirwa n'umuco vyo tubironka ubwo nyene.

Ariko iyo ni intango gusa, ni nk'ukwiyandikisha. Umusi wambere wiyandikishije muri kaminuza uca uba umunyeshure wo muri kaminuza. Ariko ivyo ntaco bisa bisana n'impamyabushobozi ihanitse. Haheze imyaka itandatu, canke ine, canke icumi n'ibiri niho uronka impamyabushobozi. Ariko uba wamazekuba umunyeshure wa kaminuza, nimba koko ari kaminuza y'ukuri, kandi umaze kwiyandikisha, uca witwararika ushimitse ivyo kuba umunyeshure wo muri kaminuza. Impande zose rero zitegerezwa gukorana.

Ni co kimwe n' iyo tugomba kuja hira y'iyi si, nk'akarorero twifyinira gusa, kuko ataho dufise handi twoja hano i New York; tumaze kumenya vyose ku vyerekeye i Manhattan, Long Beach, ikivuko "kigufi" canke ikivuko ico ari co cose. (Agatwengo k'abumviriza) Ni wibaze rero dushatse gufata urugendo ngo tuje mu kibanza co hanze y'isi ngo turabe uko vyifashe. Ni vyo? Kubera

iki tutojaye? Mugihe turiha amahera menshi iyo dushaka kuja kwoga mw'ibahari i Miami muri Florida, kubera iki tutoja rimwe na rimwe mw'isi zitandukanye hirya y'iyi si turiko ngo turabe uko zisa, n'ukuntu abantu **babayeho**? Si nibaza ko hari igitangaza muri ivyo. Si vyo? Ni nko gufata urugendo ruto cane uja hirya gatoya n'urugendo rwo mu bwenge, mu impwemu, uretse urw'umubiri. Hari ubwoko bubiri bw'ingendo. Rero bifise urutonde ruhanitse kandi biroroshe cane kubitahura.

Ubu turacari ku Rugero rwa Kabiri. Mbega ni ibindi biki nobabwira? Uko niko tubandanya muri iyi si, mugabo tukaba tuzi n'izindi si gihe kimwe. Kuko tuja mu rugendo.

Ni nk'uko uri umunyamerika canke uri uwo mu kindi gihugu ico ari co cose co mw'isi, ariko ugafata urugendo uva mu gihugu kimwe uja mu kindi kugira umenye ukuntu igihugu kibanyi kimeze. Kandi ndibaza ko abenshi muri mwebwe mukorera Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU mutari imvukira za Amerika. Si vyo? Ni vyo. Ubu muzi ibintu bimwe. Turashobora kuja gutembera ku yindi si canke tukinjira mu rundi Rugero rw'ubuzima kugira ngo dutahure. Urugendo ni rurerure ku buryo tudashobora kugenda n'amaguru canke ngo dufate ikigendajuru canke UFO.

Isi nyinshi ziri kure cane y'aho UFO ishobora kuruguka. UFO ! Ni igikoresho kitaboneka. Igikoresho kiguruka, egome ! Hariho uburyo bworoshe muri twebwe bumeze neza kuruta UFO. Ubwo na bwo ni umushaha wacu. Rimwe na rimwe tucita impwemu. Turashobora kuguruka muri ubu buryo, ata gitoro dukoresheje, ata baporisi, ata benshi bakoresha inzira, canke idindi vyose. Nta bwoba tugira ngo Abarabu barashobora guhagarika kutugurishako igitoro, (Agatwengo k'abumviriza), kuko ubwo buryo burikwije. Ntibwigera bwononekara, uretse mu gihe tugomvye kubwonona mu kurenga amategeko ngenderwako y'isi, mu kwonona urutonde rwiza ruri hagati y'ijuru n'isi, ivyo navyo kuvyirinda biroroshe. Turi bubabwire uko mwobigenza mu gihe mwoba mubikeneye.

Nk'akarorero, ariko mvuga mu ncamake, ni vyo ? Si ndi umusiguzi. Ntimugire ubwoba, sindabatwara mw'ishengero. Ni akarorero gusa ngomba kubaha.

Hari amategeko amwe amwe kw'isi dutegerezwa kumenya, nk'iyu utwara imodokari, utegerezwa kumenya amategeko agenga ibarabara. Iyo ubonye ikimenyetso c'itara ritukura urahagarara, iyo risa n'icatsi kibisi, uca ubandanya. Kugendera i buryo, canke i bubamfu, n'ibindi. Umuvuduko mu mabarabara y'iroro. Rero hariho amategeko asanzwe mw'isi, kuri iyi si tubona. Hirya y'iyi si, hirya y'iyi si tubona nta mategeko, nta mategeko na mba. Turidegemvya, turi abanyagihugu bidegemvya, ariko dutegerezwa kurengera ivyo kugira ngo tube abidegemvya. Uko rero tubandanya kuba muri iyi si, muri uyu mubiri, dutegerezwa uko bigenda kwose kuguma musi y'amategeko, kugira ntifuje mu ngorane. Ico gihe imodokari zacu ntizigira impanuka, tugashobora kuguruka vyihuta, hejuru cane, ata ngorane.

Rero, aya mategeko yanditswe muri Bibiriya, muri Bibiriya yanyu y'abakristo no muri Bibiriya y'aba Buddha canke Bibiriya y'Aba Hindu. Amategeko asanzwe nk'aya ngo ntugakorere ikibi umubanyi, ntukice, ntugasambane, ntukibe, n'ayandi; ntukanywe ibiyayura mutwe, ni ukuvuga urumogi muri iyi misi. Birashoboka ko Buddha yari azi ko mu kinjana ca 20, twovumbuye kokayine n'ibindi nka vyo, aca aravuga ati abuzabiyayuramutwe. Mu biyayuramutwe harimwo n'ubwoko bwose bw'inkino, canke ibindi vyose bituma ubwenge bwacu bwitwararika cane ivy'ukwiryohera kw'uyu mubiri, bukibagira urugendo turimwo rwo mu vy'impwemu.

Niba dukeneye kuguruka vyihuta kandi ata **ngorane tugize**, ayo ni yo mategeko y'umubiri, ameze nk'amategeko ya **physique**. Iyo ikigendajuru kigiye kuguruka, umuhinga ategerezwa gukurikiza amategeko kanaka. Biba biheze, ni vyo? None ntimwibaza ko dutegerezwa kuba magabo rwose mu gihe dushaka kuguruka hejuru kurutaho, kure y'aho ibigendajuru bishobora gushika, twihuta

kuruta UFO. Hariho vyinshi vyari bikeneye insiguro bitegerezwa gutangwa, hamwe mwoba mubikeneye, muzobimenya mu gihe muzoba mutanguye imyimenyerezo. Nti dushaka kubagoza amategeko muvuga ngo "Ayo nari nsanzwe ndayazi. Nari ndayazi. Narayasomye muri Bibiriya. Ivyagezwe cumi ngenderwako, ni vyo? Ambwirizwa cumi."

Mu vy'ukuri abantu benshi muri twebwe barasomye ivyagezwe ngenderwako, ariko ntibavyitaho cane, canke ngo babitahure cane. Canke ugasanga dushaka kubitahura uko tuvuyipfuzwa, atari uko bisanzwe bishaka kuvuga. Kubw'ivyo, si bibi ko rimwe na rimwe twokwibutswa, canke kwumviriza ukundi iyindi nsiguro yavyo itomoye gato kurusha,. Nk'akarorero muri Bibiriya, mw'isezerano rya Kera, ku rupapuro rwa mbere, Imana iravuga iti, Naremye ibikoko vyose kugira ngo bibane namwe kandi ngo bibafashe, kandi muzobiganza. Hanyuma iravuga ko yaremye imfungurwa zose z'ibikoko, ubwoko butandukanye kuri buri gikoko cose. Ariko ntiyigeze itubwira kubirya. Oya! Kandi yaravuze ngo naremye imfungurwa zose, ivyatsi vyose vyo **ku misozi** n'ivyamwa vyo ku biti biryohye kurya kandi bibereye ijisho. Ibi bizoba imfungurwa zanyu. Ariko si abantu benshi bitaho ivyo. Kubw'ivyo abantu benshi bizera Bibiriya babandanya barya inyama ntibatahure ico Imana yashatse kuvuga mu vy'ukuri.

Kandi n'iyi tugiye mu vy'ubushakashatsi mu vy'ubuhinga, turatahura ko tutategezwa gufungura inyama. Inyubako y'umubiri wacu, amara yacu, umushishito, amenyo, vyose usanga vyaremewe gukoreshwa ku mfungurwa z'ibiterwa gusa. Ntibitangaje, kubona abantu beshi barwaragurika, basaza ningoga, baruha, bikwega kandi bari bavutse bakerebutse kandi bazi ubwenge. Kandi buri musi bawuheza bashavuye, kandi uko bakura bumva baguma bamererwa nabi cane. Ni uko twiyononera "imodokari" zacu, "ibikoreho vyo kuguruka", vyacu, za "UFO" zacu. Kubw'ivyo, niba dukeneye gukoresha "imodokari" yacu igihe

kirekire, dutegerezwa kuyibungabunga neza.

Nk'akarorero, dufise imodokari. Mwese muratwara imodokari. Iyo ushizemwo igitoro kitari co, bica bigenda gute? Haca hashika iki? Yoshobora kugenda akanya gato hanyuma igaca ihagarara. Kandi ntuta ishavu ku modokari. Ni ikosa ryacu, kuko twihenze tugashiramwo igitoro kitari icayo. Canke iyo igitoro cacu kirimwo amazi, ni vyo, irashobora kugenda akanya gato, mugabo igaca igira ingorane. Canke niba amavuta yacu yagiyemwo imyanda hanyuma ntituyayungurure, iragenda gato, ariko mu nyuma tukagira ingorane. Rimwe na krimwe iranasha kuko tutayitayeho mu buryo bwiza.

Ni co kimwe n'umubiri wacu, umeze nk'imodokari dushobora kugiramwo tuja mu bugingo budashira, ku rugero rwo hejuru cane rw'ubwenge bw'ubuhinga. Ariko kenshi turawonona ntituwukoreshe ivyo wagenewe. Akarorero, nk'iyi imodokari yacu itegerezwa kugenda ibirometero vyinshi itujana ku kazi, canke ku bagenzi bacu, canke ahandi ahantu hatandukanye habereye kuraba. Mugabo ntituyiteho, tugashiramwo igitoro kitari co, canke ntitwitweho amavuta canke itangi ry'amazi, n'ibidi vyose. Aho rero ntishobora kwihuta. Ntishobora kugenda urugendo rurerure. Twashobora kuyikoresha mu kuzunguruka gusa mu rugo rwacu. Ivyo na vyo ni ukuri. Ni ukuvuga ko tuba dutakaje icatumye tugura imodokari. Ni ugutakaza amahera, umwanya, hamwe n'inguvu zacu. **Ni uko bimeze.** Nta n'umwe yatabwako ikuvyo. Nta giporisi gishobora gukurikirana kubera ivyo. Ni ukuvuga gusa ko wafashe nabi imodokari yawe, ko wasesaguye amahera yawe mu gihe woshoboye gutembera ugashika kure, ukabona ibintu vyinshi, kandi ukinezereza mu hantu henshi habereye kuraba.

Ni co kimwe rero n'imibiri yacu. Turashobora kubaho muri iyi si ariko tukitwararika ko muri uyu mubiri dufise ibindi bikoresho dushobora gukoresha mu kuguruka hirya yayo. Ni nk'uko umuhinga mu vy'ibinyamuco yicara mu kigendajuru. Ikigendajuru ni igikoresho



ciwe. Ategerezwa kwiyubara agakurikiza amategeko yose ya **physique** kugira icyo kigendajuru ciwe kiguruke mu mutekano kandi cihute. Ariko uyo muhinga arimwo ni ngirakamaro. Ikigendajuru kimushikana icyo ashaka kuja. Ikigendajuru si icyo gikoresho nyamukuru ariko ni umuhinga hamwe n'icyo agiye. Nko mu gihe nawe yogikoresha mu kwizungurukira izinga Long Island, kwoba ari uguta umwanya. Yoba ariko arasesagura amahera y'igihugu.

Rero umubiri wacu urahambaye kuko ubamwo Umwigisha. Ni icyo gituma muri Bibiriya handitswe ngo, ntimuzi ko muri ingoro y'Imana kandi Imana Ishobora vyose iba muri mwebwe, na Mpwemu Yera nyene. Niba duhaye indaro Mpwemu Yera canke Imana Ishoboravyose, mwokwibaza ingene biteye ubwoba, ingene insiguro yavyo iteye ubwoba! Mugabo abantu benshi babisomye bihuta ariko ntibabitahuye, ntibabona ubushobozi bw'iri ryungane, kandi ntibagerageza kurondera gutahura. Ni icyo gituma ku bigishwa banje, bo bakunda gukurikira inyigisho zanje kugira ngo batahure uwuri muri bo bakanamenya n'ibiri hirya y'iyi si, uretse intambara yacu ya buri musu, kurondera amahera, kuvumbura, hamwe n'izindi ngorane z'umubiri.

Dufise ubwiza bwinshi, umwidegemvyo mwinshi, n'ubumenyi bwinshi muri twebwe. Mu gihe twarondera rero uburyo bwo kubishikira, vyose ni ivyacu kuko biri muri twebwe. Gusa ni uko tutazi aho urupfunguruzo ruri, kandi hakaba haheze igihe kirekire twarugaye icyi "inzu" none tumaze no kwibagira ko dufise ubu butunzi. Nta kindi.

Kubw'ivyo uwo twita Umwigisha ni uwudufasha kwugurura urugi kandi akatwereka ivyanywe ari ivyacu. Ariko dutegerezwa gufata umwanya ukwiye tukagenzura, tukaraba buri kintu twoba dufise;

Rero, ivyo ari vyo vyose twari mw'isi igira kabiri. Mwumva mukeneye kubandanya? (Abumviriza: Egome! Egome!) Mwipfuzza

kumenya vyose mutarinze gukora? Ni vyiza. Ariko n' imiburiburi umuntu arashobora kukubwira ivyo yabonye mu kindi gihugu mu gihe yagiyeyo naho wewe woba utarajayo. Nivyo? Njanye n' aho muvuyipfuzza ngira ngo mwoba mushaka kujayo. Ni vyiza. Ubu rero inyuma y'iyi si igira Kabiri. Sinahejeje ibijanye n' iya Kabiri vyose, ariko murazi ko tutari bwicare hano umusi wose. Rero inyuma y' iya Kabiri, mushobora kugira ubushobozi bwinshi. Ni mwashimika mukabikorera, muzoshikira iya Gatatu. Iyitwa Isi ya Gatatu. Ni intambwe yo hejuru cane.

Uwujya mw' isi igira Gatatu ategerezwa kuba n' imiburiburi yikuyeko imyenda yose y'iyi si,, Niba tugifitiye ikintu umwami w'iyi si tubona, ntidushobora kuja hejuru. Ni nko mu gihe woba wagirizwa ivyaha mu gihugu kanaka, mu gihe biba barakuvako, ntushobora kujabuka imbibe ngo uje mu kindi gihugu. Rero umwenda w'iyi si ugizwe n' ibintu vyinshi tuba twarakoze muri kahise, muri kubu mbere wanashaka no muri kazozo ko muri uyu mubiri tubona. Rero ibi vyose bitegerezwa guhanagurwa, nk' uko dutunganya ivyo kujabuka imbibe, imbere y' uko tuja mw' isi ihishijwe. Ariko iyo turi mw' isi igira Kabiri, dutangura ibikorwa, dukoresheje udusigarizwa twa karma ya kera n' iy' ubuzima bwa none, kuko tudafise karma ya kera ntidushobora kubaho mu buzima bwa none.

Abigisha bari mu mirwi ibiri itandukanye. Umwe atagira karma, ariko ategerezwa kuyitira mu kumanuka ino. Uwundi ameze nkatwe, ibiremwa bisanzwe, ariko afise karma isukuye. Rero uwo ari we wese ashobora kuba uwohinduka Umwigisha, Umwigisha muri kazozo. Kandi rimwe na rimwe Umwigisha ashobora kumanuka avuye mw' isi yo hejuru cane akoresheje karma y' intirano. Vyumvikana gute? Gutira karma? Birashoboka. Birashoboka.

Nk' akarorero, imbere y' uko muza hano kw' isi, mwari mwarigeze kuhaza. Mukaba mwarahanye n' abantu batandukanye bo mw' isi mu bihe vyinshi canke mu myaka amajana n' amajana. Hanyuma warasubiye mw' ijuru canke

ahandi waba kure cane, ku ngero zitandukanye n'imiburiburi ku Rugero rwa Gatanu. Aho niho Umwigisha aba, Urugero rwa gatanu. Ariko hiryu hari izindi ngero.

Hanyuma rero iyo twipfuzaga kugaruka kubera impuhwe canke hari igikorwa Data adutumye kuza gukora, nk'akarorero, ico gihe turagaruka kw'isi. Kandi dufatiye kw'isano twari dufitaniye n'abantu muri kahise, turashobora kwigurana bimwe mu bubiko bwabo, murabizi, karma. Umwenda gusa, nta kindi, nta kindi ciza mu bantu. Turashobora kwigurana umwenda kanaka tukawurirha dukoresheje ububasha bwacu bw'impwemu, buhorobuhoro gushika duheje igikorwa hano kw'isi. Ubu rero ni ubwoko butandukanye bw'Umwigisha. Hariho rero n'abandi bava muri iyi si, bahejeje kwimenyereza, bagaca baba Abigisha aha nyene nk'aho boba baronse urupapuro rw'umutsindo. Ego. Ni nka kurya muri kaminuza dufise abigisha hamwe n'abanyeshure barangiza bakaronka impapuro z'umutsindo hanyuma nabo bakaba abigisha. Hariho abigisha usanga bamaze igihe kirekire, n'abandi usanga ari bashasha, n'ibindi. Ni co kimwe, hariho ubwo bwoko bw'Abigisha.

Rero nk'ubu, niba dushaka kuja mw'isi igira Gatatu, dutegerzwa kwiyambura rwose **ibimenyetso** vya karma. Karma ni itegeko rivuga ngo Uko ubiba ni ko uzokwimbura. Ni nka kurya iyo duteye urubuto rw'umucugwe twamura imicungwe, duteye urubuto rw'ikiraya, twimbura ibiraya, rero ni vyo yitwa karma. Ni imvugo yo mu rurimi rwa Sanskrit ku bijanye n'igikorwa n'impera yaco. Bibiriya ntivuga ku bijanye na karma ariko iravuga ngo, Uko ubiba ni ko uzokwimbura. Ivyo ni co kimwe.

Bibiriya ni impfunyapfunyo y'inyigisho z'Umwigisha, kandi uko ari ko kwose, n'ubuzima bwiwe bwari mu mpunyapfunyo. Kubw'ivyo nta nsobanuro nyinshi dufise muri Bibiriya. Kandi n'imforo nyinshi za Bibiriya zagiyeye zirasubirwamwo, kugira zihwane n'abitwa abarongozi b'iyi mihari; atari ukuvuga ko ari abantu bitaho ivy'impwemu gusa. Murazi ko mu bwoko bwose bw'imibereho,

abantu baragura kandi bakagurisha ibintu ivyo ari vyo vyose. Abahuzi mu vy'ubudandaji mu bice vyose vy'ubuzima hariho abahuzi mu vy'ubudandaji . Ariko Bibiriya nyakuri, turabizi, iratandukanye gato, ni nini gato, yanditswe mu buryo bushitse kandi ibirimwo vyoroshe gutahura. Uko biri kwose, kubera ko tudashobora kwemeza vyinshi biyigize ntaco tuba tukibivugako kuko abantu bovuye ko turiko turarogota. Ni co gituma tuvuye ikintu dushobora kwemeza gusa.

Mwoshobora kumbaza muti: "Ko wavuze ivy'Isi igira Kabiri, Isi igira Gatatu, n'Isi igira Kane. Woshobora kuvyemeza gute?" Ego ndabishobora. Ndashobora kuvyemeza. Mufatanyaga urugendo nanje, mu nzira imwe, muzobona ibisa n'ivyo nabonye. Ariko mudafashe urugendo, aho sinshobora kubibemeza. Kanatsinda ni uko biri. Kanatsinda ni uko biri. Nshobora kuvuye ibi bintu kuko hariho icemezo. Dufise ikivyemezo dufatiye no ku bihumbi amajana vy'abigishwa bakwiragiye kw'isi. Kubw'ivyo tuvuye ibintu tuzi. Ariko mutegerezwa gufatanyaga urugendo nanje, mutegerezwa gufata urugendo. Ahandi ho ntishobora kumbwira ngo, "warangiriye urugendo none mbwira unanyereke vyose." Sinshobora.

Nk'akarorero, niba ntari mw'ishirahamwe mpuzamakungu ONU muri iki cumba, ivyo mwokimbwirako ntaco vyomurira kuko ntaracibonera. Ni vyo? Kubw'ivyo dutegerezwa gufatanyaga urugendo n'uwo ari we wese amaze kumenyera ivyo kwerekana inzira. Kandi ndafise abigishwa bamwe, bava mu bihugu bitandukanye bari muri iki cumba., abo bamaze kwibonera bimwe mu vyo mpejeje kubabwira; bamwe igice abandi vyose.

Ni uko rero, inyuma y'Isi igira gatatu, sinavuze ibintu vyose biriyo. Ivyo nababwiye ni agace k'ivyayo. Ni nk'inkuru y'ingenzi, ivuye ivyabonye mu majamba make, atari ido n'ido. N'ivyo dusoma igitabu kivuye ivy'igihugu kanaka, icyo gihugu ntikibaza kikimeze uko vyanditswe. Ni vyo? Rero, turafise ibitabu vyinshi vy'ingenzi, bivuye ibijanye n'ibihugu bitandukanye mw'isi, ariko

tuguma twipfuzza kwigirayo. Turazi ivya Espanye, canke Tenerife canke Ubugiriki, ariko ayo ni amasenema canke ibitabu gusa. Dutegerezwa kujayo hanyuma tukumviriza umunezero wo kuhaba n'imfungurwa batanga, n'uburyohe bw'amazi y'ibahari hamwe n'ubwiza bw'umuyaga waho, abantu baho eka n'ibindi bintu vyose biboneka tudashobora kwumva mu gusoma ibitabu.

Rero, ishiremwo ko warenze Isi igira Gatatu, none ni ibiki bikurikira? Koko, uca uja ku yo hejuru, iya Kane. Kandi Isi igira Kane iba iza yamaze kurengera ibidasanzwe. Ntidushobora gupfa gukoresha imvugo isanzwe mu kuvuga iv'ibintu vyaho imbere y'abantu ataco babiziko, kuko dutinya kubabaza umwami w'iyi si. Kuko iyi si ari nziza cane naho hariho ibice bimwebimwe birimwo umwiza mwinshi, hari umwiza kuruta ijoro umuyagankuba wacitse hano I New York. Muramaze kubona iki gisagara cose kirimwo umwiza? Egome. Hari umwiza uruta urya. Ariko imbere y'uko ushikira Umuco, hari umwiza uruta urya. Ni nk'igisagara kibujijwe kujamwo. Imbere yo gushikira ukumenya Imana, tugihagarikwamwo. Ariko uri kumwe n'Umwigisha, uri kumwe n'Umwigisha amaze kuhaca, uracamwo, ahandi ho ntidushobora kuronka inzira mw'isi imeze gurtyo.

Tumaze gushika ku ngero zitandukanye z'ukubaho, hari ivyahindutse kuri twebwe atari mu mpwemu gusa, ariko no ku mubiri, mu ubwenge, eka n'ibindi vyose mu buzima bwacu. Turaba ubuzima mu buryo butandukanye, tugenda mu buryo butandukanye, dukora mu buryo butandukanye. Mbere n'ibikorwa vyacu, ibikorwa vyacu vya buri musi, usanga bifise insiguro zitandukanye hanyuma tugatahura nk'igituma dukora muri bwo buryo, igituma dufise akazi kanaka, canke igituma twohindura akazi; Turatahura intumbero yacu y'ubuzima, rero ntitukubura amahoro canke ngo dute umutwe, egome! Ariko turarindirira neza kandi twitonze ko igikorwa twarungitswe gukora mw'isi, kuko tuzi iyi turiko turaja. Tuhazi tukirihwo. Ivyo ni vyo vyitwa "gupfa mu gihe

ukiriho” Egome, egome! Kandi ndibaza ko bamwe muri mwebwe bari baramaze kwumva ibintu nk’ibi, Ariko nta Mwigisha n’umwe nzi yoshobora kuvuga ibitandukanye n’ibi, uretse ko muri twebwe dutegerezwa kunezerezwa n’ivyo twerekwa.

Umuntu yosigura gute mvuga Merisedesi Benzi mu buryo butandukanye. Zitegerezwa kumera kumwe. Kubw’ivyo, buri muntu afise Merisedesi benzi, azi Benzi, yotegerejwe kuyisigura kumwe, ariko, iyo si yo Benzi. Rero naho mubona ndabaganirira mu mvugo isanzwe, ibi si ibintu bisanzwe, ariko ni ibintu dutegerewa kwibonera ubwacu, mu bikorwa, ukuri, kandi dufashijwe n’uwuturongora. Aho tuba dufise umutekano. Naho bishika nka rimwe ku muriyoni tukaba twovyigirira twebwe nyene, ariko muri **danger**, harimwo ingorane n’ingaruka zidatekanye, zidatekanye cane.

Bamwe mu Bantu ba kera, nk’akarorero Swedenborg yabaye nk’uwokwishoboza. Canke nka Gurdjieff, yategerezwa kuba yokwishoboza ubwiwe– yagiye inzira dose wenyene. Ariko iyo nsomye kuri bamwe mu abantu nta n’umwe yacyiye muri iyi nzira atagize **danger** canke ingorne. Kandi si ngombwa ko bose bategerezwa gushikira Urugero rwo Hejuru cane.

Rero inyuma y’aho muca mushikira Urugero rwo Hejuru. Inyuma y’urwa Kane, muca mushikira urugero rwo hejuru, inzu y’Umwigisha ari rwo Rugero rwa Gatanu. Abigisha bose baje bava aho. Naho ingero zabo zoba ziruta urwa gatanu, bategerezwa kuguma ngaho. Ni aho Abigisha baba. Kandi hirya y’aho hariyo amabanga menshi y’Imana agoye cane gutahura. Ndatinya ko nohava ntuma mudatahura, bishobotse hanyuma nzobabwira, cane cane inyuma yo kumenyerezwa mu gihe muzoba mwamenyereye na gatoya; rero nzoca ndababwira ibintu biteye ubwoba bijanye n’ivyo mwiyumvira. Ukuntu rimwe na rimwe mwihenda mu vyiyumviro ku bijanye n’Imana.

## Umwanya w'Ibibazo n'Inyishu Inyuma y'Icigwa

**IK:** Watubwiye ko Umwigisha ashobora gutira karma y'abandi. Mbega muri iki gihe karma y'abo bantu iba ihanaguwe? Ni iyihe nkurikizi kuri abo Bantu?

**M:** Umwigisha arashobora guhanagura karma y'uwo ari we wese. Mugihe ivyo ari vyo Umwigisha yipfuye gukora. Mu bisanzwe ku bigishwa bose, karma yose yo muri kahise irahanagurwa mu gihe co kwimenyereza. Ndabarekera gusa rero karma y'ubu, kugira ubuzima bubandanye, ahandi hoho mwoca mupfa. Ata karma nta wushobora kubaho. Umwigisha rero ahanagura gusa karma yari isanzwe ibitswe mu muntu, aho rero umuntu akaba uwutunganye, akamusigira karma nkeya ngo ashobore kubandanya ubu buzima, agashobora gukora ivyo ategerezwa gukora muri ubu buzima. Hanyuma bikaba biheze. Ni co gituma ashobora kugenda, ahandi ho yogenda gute? Naho yoba atunganye mu buzima bwiwe, yoba atunganye gute? Ubuzima bwiwe bwa kera bwo gute, muravyumva?

**IK:** Mbega nit iyihe intumbero y'ukwimenyereza Kwawe?

**M:** Intumbero iyihe? Ntavyo nababwiye? Kuja hirya y'iyi si, gusubira mu Bwami bw'Imana, kumenya ubwenge bwawe hamwe no kuba umuntu mwiza muri buno buzima.

**IK:** Mbega hariho karma muri buri ngero?

**M:** Si mu ngero zose, ni mu Rugero rwa kabiri gusa, kuko ubwenge bwacu, ubwonko bwacu, aribwo mashine ntondekabintu, “bukorerwa” mu Rugero rugira Kabiri. Iyo tumanutse hasi inzira yose, inzira yose kuva mu vyicarwo vyo hejuru cane twururutse mu mubiri, nk’iyo tuje gukora igikorwa kanaka, ni vyo; nk’akarorero, kuko n’Umwigisha arava mu Urugero ca Gatanu akururuka muri iyi si tubona, aho rero aca mu Rugero rwa Kabiri, agahitana iyo mashini ntondekabintu, akayishiramwo, kugira ashobore gukorera muri iyi si. Ni nka kurya umwibizi yibira mw’ibahari. Ategerezwa gutegekanya ivyo kwikingira mu maso, impemu azohema n’ibindi vyose. Naho we ubwiwe ataba asa n’uwukengeretse, amaze kwambara ikirimwo impemu aza guhema, akambara n’umwabaro wo kwibira aca asa n’igikere. Ni ko natwe dusa rimwe na rimwe iyo twambaye imashine ntondekabintu n’intambanyi z’umubiri. Ahandi ho turi beza cane. Naho rero wibaza ko woba uri mwiza ubu, uri mubi cane ugereranije n’ico uri co vy’ukuri, kubera ibikoresho vyose dutegerezwa kwambara kugira dushobore kwibira muri iyi si ngo dukore.

Rero iyo turenganye Urugero rwa Kabiri turiko turaduga, dutegerezwa gusiga imashine yacu aho, kuko tutaba tukiyikeneye hariya hejuru. Ni nka kurya umwibizi ashitse ku musenyi aca yambura kimwe kirimwo impemu n’ibindi yose yari yambaye bimufasha kwibira, hanyuma rero agaca asubira gusa uku yari ameze imbere yo kuja kwibira. Ni vyo? Ego!

**IK:** Wavuze ko ko ku mpera y’Isi igira Kabiri, imbere yo kubandanya kuduga, utegerezwa gusiga karma yawe yose inyuma canke ugategerezwa gutunganya canke kweza karma yawe. Ivyo vyoba bisigura na karma yose yo mu buzima bwo muri kahise imbere y’uko uza muri ubu buzima?

**M:** Egome. Kuko nta mashine ntondeshabintu yo kubibikamwo tuba tugifise. Tugira karma kuko dufise iyo mashine ari yo ubwenge



n'ubwonko bwacu bubika ivyo ducamwo vyose muri iyi si tubamwo. Ni co gituma tubufise. Ari ikibi, ari iciza vyose tubibikamwo. Ivyo ni vyo twita karma. Karma ni iki? ni ukuvuga ivyo twacyiyemwo, bibi canke vyiza, inyifato zacu, ivyo twize mu bihe vyinshi vyo kubaho. Kandi kuko dufise ikintu twita ugutahura, turazi ko dutegerezwa gukora neza ariko rimwe na rimwe twakoze nabi. Rero ivyo duca tuvuyita kahise karma. Kandi ibibi bitunyikiriza hasi, nka kurya kw'imyanda n'intuturika, kubera amategeko y'uburemere. Biratunyikiriza hasi bikatubuza kuduga umusozi. Bivuye ku myifato myiza mu mibereho yacu kw'isi, amategeko menshi, imigenzo myinshi, akamenyero kenshi, mu bihugu bitandukanye, bitubohera mu vyiyumviro vy'ibibi canke ivyiza, gutsindwa n'urubanza canke kuba ataco twagirizwa. Kubw'ivyo iyo dukorana n'abantu bo muri iyi si, turahamenyera ibibi n'ivyiza gutsindwa n'urubanza canke kuba ataco twagirizwa bifatiye ku migenzo canke akamenyero k'ico gihugu, canke amategeko yaco. Kandi bica bitubera akamenyero kwiyumvira muri ubwo buryo, ko dukoze iki tuba dutsinzwe n'urubanza; canke dukoze kiriya tuba tubaye abantu babi. Kandi ivyo vyose biba bibikwa hano mu bwonko. Ico nico kidutera kuza turimuka, kuza turafatirwa muri iyi si canke mw'isi yo hejuru gatoya. Ariko atari hejuru cane. Ntitwidegemvya bikwiye. Ntiduhwahutse bikwiye ku buryo dushobora kureremba hejuru. Bivuyeye kuri uku kuntu tubona ibintu; ukuntu tubibona ubwa mbere.

**IK:** Vyoba bisanzwe vyarateguwe ko tuzoshikira Urugero kanaka igihe cose iyo tuvutse?

**M:** Oya, turafise uburenganzira bwo kugenda twihuta canke tukagenda buhoro buhoro. Nk'akarorero, mu modokari yawe ushobora gushiramwo nk'amaritiro ijana y'igitoro. Ariko ushobora guca wiruka cane, ugashika iyo uja ningoga, canke ukigira buhoro buhoro. Vyose biva kuri wewe.

**IK:** Nkudira ndakwibarize: Abamarayika bashobora kugarukira mu rugero rwa kangaha?

**M:** Bari mu ruhe rugero? Oh ! Biva ku bwoko bw'abamarayika?

**IK:** Abamarayika barinzi.

**M:** Abamarayika barinzi, bashobora kuba mu rugero rwa Kabiri. Abamarayika bari muni y'ibiremwa muntu, bafise icubahiro gike. Ni abo kudukorera.

**IK:** None ntibigera baja hejuru kurusha aho?

**M:** Oya! Uretse igihe bashoboye guhinduka ibiremwa muntu. Bose baripfuzaga kuba abantu, kuko Imana iba muri bo. Dufise ibikenewe vyose vyo kuba umwe n'Imana, ariko abamarayika ntibabifise. Biragoye. Nzobibabwira uwundi musi.

Murabona ko ari ibintu vyakozwe kubwacu-ubwoko bwose bw'abamarayika. Nk'akarorero, icyo Imana iremye cose kiba ari icyo kudukorera. Kandi ntibatategerezwa-si ngombwa ko barenga aho. Ariko rero bobashobora. Hari igihe usanga ikintu cararemwe ata buryo bukwiye bwo kwiyongerako.

Nk'akarorero, mu nzu yawe hari ibintu ukora kugira ngo winezereze gusa. Naho vyoba bitangaje cane. Nk'akarorero woba wicaye hano ugashobora kuzimya canke ukatsa amatara yose yo mu nzu no mu rugo, ukazimya canke ukatsa tereviziyo kuko wabikoze gurtyo ubwawe, ariko iki ni icyo wikoreshereza gusa. Kuko naho coba kiguruta mu buryo bumwebimwe, nko kubona gishobora kuba kiri hano hanyuma kigakurikirana ibintu vyose udashobora kubikora ukoresha inkomezi z'umwana w'umuntu. Ariko ivyo ntibisigura ko kiguruta. Cakozwe ku ntumbero imwe yo kugukorera. Naho coba kiguruta, si ko biri. Ego. Ni vyo? Imashine ntondekabintu ntibashobora kuba umuntu,.

**IK:** Mwigisha Ching Hai, nshaka kumenya-ko kubera turi mu mubiri ubu vyashoboka ko twakomotse ku biremwa vyigeze kwamburwa

uyu mubiri? Mbega twamye tumeze uku nyene canke twoba twarigeze kuba tumeze ukundi kwiza gusumba, canke twamye uku tumeze? Ni iyihe myifato myiza canke ibikenewe kugira ngo umuntu yigire imbere vyihuta?

**M:** Kuva mu mubiri ukigira imbere? Ego, turabishobora mu gihe twoba tuzi uko twobigenza. Hari uburyo bwinshi bwo gusiga umubiri inyuma ukaja hirya y'iyi Si. Bamwe baja hafi, abandi bakaja kure cane, abandi bakaja ku mpera. Rero ngereranije n'ubushakashatsi nagiyeye ndagira kuva nkiri muto, naho mboneka nk'uwukiri muto n'ubu, ariko nari muto cane, ubu buhinga dukoresha ni bwo bwiza cane, egome. Buja ku yiri kure cane, ku yiri kure cane, ku mpera ya kure.

Hari ubundi buhinga bwinshi, uhisemwo kubugeza wobutora, ushobora guhitamwo. Hari bwinshi kw'isoko: bamwe baja kw'isi y'ibinyamuco, abandi bakaja kw'isi ya Gatatu, abandi ku ya Kane, ariko ni bake bashobora kuja ku ya Gatanu. Twebwe rero ubuhinga bwacu, uko dukora ni ukugushikana ku ya Gatanu imbere y'uko tukurekura ngo widegemvye. Emera ujeyo. Kandi hirya y'aho dushobora kwegera ibindi biranga Imana, hirya y'isi ya gatanu, ariko ntivyama biryoshe.

Twama twibaza ko ico hejuru cane ari co ciza cane, ariko si ivy'ukuri imisi yose. Nk'akarorero rimwe na rimwe turaja mu kirimba ciza, kandi twatumiwe mu cumba umwigisha yicaramwo. Twaricaye hanyuma baratuzimana ivyo kunywa bikanye n'imfungurwa nziza, n'ibindi. Hanyuma twiyumvira ko dushobora kwunguruzaga hagati mu nzu, kugira twitegereze. Hanyuma twari no guhava duca aho basesa imyavu, n'ahandi, murazi ivy'amazu. Ntivyama bikenewe igihe cose. Kandi no mu nzu y'isoko ntanganguvu, twaragiye no mu nzu ivamwo umuyagankuba iri inyuma y'iyi nkuru, hirya y'inzu, hanyuma dufatwa n'umuyagankuba duca dupfirayo. Rero ntivyama bikenewe ko twinjira imbere, ariko turashobora kubikora kugira twinezereze gusa.

**IK:** Mfise ibibazo bibiri. Ica mbere, ni mu yihe si hava ivyibutso vya kera, nko mu gihe woba ukeneye kwibuka ivya kera? Ica kabiri, ubuzima bwa kera bwoba buhuriye he na karma y'ubu n'ugutahura kw'ubu kw'umuntu bamenyeshya ivyabo ku bariho ubu kandi bakabibatahura. vyoba biri mu "mutwaro w'umurengera?"

**M:** Ego, ego. Barahura neza cane. Ikibazo ca mbere, karma ya kera iva hehe? Urashobora gusoma ivyabitswe vy'ubuzima bwa kera, ivyo ni ukuri. Kandi ivyibitse vy'ubuzima bwa kera, nk'uko namaze kubibabwira, ziri mu bubiko bwa Akashic. Ego. Iyi ni nk'inzu yo gusomeramwo ibitabu iri mw'Isi ya Kabiri, bishobora gushikirirwa n'uwo ari we wese ashobora gushikayo. Si bose bashobora kwinjira mu nzu y'ibitabu y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ngo bayikoreshe. Ariko nashobora kujayo nk'uno musi, kuko natumiwe kugira ico mvuze muri ONU. Ni vyo? Uwo ariwe wese ntashobora kuza hano, ariko mwebwe murabishoboye, kuko musa n'uko muba hano. Ni co kimwe rero, iyo dushoboye gushika mw'Isi igira Kabiri, turashobora gusoma ivya kahise. Kandi iyo dushitse mw'Isi ya Mbere, rimwe na rimwe, turashobora kuronka udukuru tumwetumwe twa kahise k'umuntu kanaka. Ariko nta makuru yo mu rwego kandi akwiye ahari.

None ivy'ubuzima bw'akahise bihuriye he na karma y'ubu? Twovuga ko ibi ari ivyo twize kugira dushobore kubaho muri ubu buzima turimwo. Ivyo wakiriye muri kahise uca ubishira mu ngiro mu buzima bwa none. Kandi ni co kimwe, ivyinshi wabonye bitanezereye muri kahise bishobora kugutera ubwoba iyo ubonye ikimenyetso gisa na vyo mu buzima bwa kera. Nk'akrorero, niba mu buzima bwa kera waranyereye ku ngazi ukagwa ugakomereka ari mu mwijima, ukabura uwugufasha. Ubu uriko uragenda ku ngazi, wogira ubwoba cane cane iyo muni hari mwijima kandi ari harehare ushobors kwumva bikugoye ugenda canke ureka. Ariko nimba mu buzima bwarenganye waramaze kwiga no

gushakashaka cane ivyo mu rwego rw'ubuhinga. Muri ubu buzima wokwumva bikuryohera. Uca uguma ufise ibigukwegera mu bushakashatsi bw'ubuhinga naho ubu utoba uri umushakashatsi. Ico ari co cose gisa n'ico.

Nico gituma Mozart, yari incabwenge agifise imyaka ine y'amavuka. Yaciye atangura kuvuza inanga, aba umuhizi gushika n'ubu. Yabaye incabwenge kuko yari yarimenyereje mu buzima bw'inshi bundi gushika bwigisha, ariko rero yaciye apfa inyuma y'ivyo. Imbere y'uko ashika ku rwego rwo hejuru mu kazi kiwe, yarapfuye kandi ntivyamunezereye gusiga akzi kiwe kuko yakunda umuziki. Rero yaciye agaruka hanyuma ubumenyi bwose n'ingabire yari afise bijanye n'umuziki bica bimugarukako kuko yari yapfuye acipfuza kubandanya.

Kandi abenshi muri aba bantu barize vyinshi mw'isi y'ibinyamuco canke isi igira Kabiri imbere y'uko basubira kuvukira muri iyi si kandi. Kubw'ivyo usanga bafise ingabire zitangaje mu vy'ubuhinga, canke mu muziki, canke mu vy'indimi, canke mu bindi bintu vyose bishasha usanga abandi bantu batazi. Murabona ibintu bishasha bitangaje bivumburwa abandi bantu badashobora gutahura mbere badashobora no kurota gukora. Ni kubera babibonye, bakaba baravyize.

Kubw'ivyo, hari ubwoko bubiri bw'ukwiga muri iyi si canke hirya yayo. Abaronse ingabire bakaba badasanze, nk'incabwenge, baba ari abahinga bavuye mu zindi si, nko kw'isi y'ibinyamuco, igira Kabiri; canke rimwe na rimwe; bavuye kw'isi igira Gatatu, iyo yemeye kugaruka. Ni abadasanze. Ni incabwenge.

**IK:** Mu ncamake ni ibiki biri mu myimenyerezo Yawe, hanyuma umuntu amaze kumenyerezwa, ni ibiki vyoba biri mu vyo asabwa gukora buri musi?

**M:** Ubwa mbere na mbere, umuntu nta mahera asabwa kandi

ntawubohwa, uretse ko utegerezwa kwiboha wewe nyene mu gihe ukeneye gutera uja imbere? Ibisabwa — nta kuba warabiciyemwo bisabwa. Ariko rero utegerezwa kwemera gufungura ibiterwa ubuzima bwose: nta magi; amata nta kibazo, iforomaji nta kibazo. Ico arico cose mugabo utarinze kwica kiremewe.

Igi kuko utegerezwa kwica igice, naho ata kiremwa kiba kirabaho. Kandi amagi arafise ico yisangije kuko afise ubushobozi bwo gukweha inkomezi z'umwiza. Ni co gituma abanyamareba, ari abera canke abirabura, abenshi b'aba "Voodoo" — bitwa aba "Voodoo" — bakoresha amagi mu gukweha ibiri mu bafashwe. Muramubizi canke ntimubizi? (umwe arishura : Egame) Urabizi? Ni vyiza cane! N'imiburiburi ndabafitiye icemezo gishika: nimba atari ukwakirwa n'umuco gushitse. (agatwengo)

Mu gihe c'umwimenyererezo, urabona Umuco, ukumva n'ijwi ry'Imana. Umuziki w'impwemu urakudza gushika ku rugero rwo hejuru mu gutahura. Uzotahura **taste** ya **samadhi**—amahoro menshi n'umunezero. Inyuma y'ivyo ubandanya wimenyerereza i muhira, mu gihe uvuyitwararitse. Mu gihe utabishatse, sinshobora kugusunika, canke kubikugobererako na gato. Iyo ubandanije hanyuma ukipfuzako ndagufasha mu rugendo rwose, aho ndabandanya. Utabishakanta kundi biri bugende. Ufata amasaha abiri n'igice buri musi yo kuzirikana. Vyuka kare mu gitondo, hamwe n'imbere yo kuryama-zirikana amasaha abiri, hanyuma nk'igice c'isaha mu gihe co gufungura ku murango. Iyo ntari hano kwigisha, mufise isaha imwe yo gufungura ku murango. Mushobora kwungururiza dhandi mukazirikana. Iyo iba imaze kuba isaha imwe. No ku mugoroba mushobora gufata iyindi saha, canke igice c'isaha. Mu gitondo vyuka kare mukoreshe isaha imwe.

Tunganya neza ubuzima bwawe, gabanya kuraba imboneshakure, kugamba abandi, gukoresha iterefone, gusoma ibinyamakuru, aho uraronka umwanya mwinshi. Egame, vy'ukuri dufise umwanya mwinshi ariko rimwe na rimwe turawonona. Nk'uko

imodoka yacu yoguma izunguruka mu rugo aho kuja mw'izinga rya Long Island egome. Mbega ivyo vyoba bibahagije? (Uwabajije: Egome). Nta kindi usabwa, nta kindi uretse ko utegerezwa kwitanga ukimenyereza ubuzima bwawe bwose. Buri musi urabona impinduka zitandukanye zizana ivyiza, n'ibitangaza vyinshi mu buzima bwawe, atari uko wavyipfuzza. Bizotegerezwa gushika. Uca utangurakwumva uko ijuru rimeze ukiri kw'isi, mu gihe uvyitayeho bikwiye. Ni uko ibihumbi amajana vy'abigishwa bacu bagumirijeko, bangumako haheze imyaka myinshi, kuko babimenyereye cane, kandi bakaba bavyitayeho bakanabishira mu ngiro.

**IK:** Mwodusigurira akameremere ko gutahura.

**M:** Akameremere ko gutahura, ego. Biragoye gusigura ariko woshobora gukoresha ubumenyi bwawe ukiyumvira. Ni ubwenge bwo kumenya ikintu kuruta uko wari usanzwe ukizi. Egome, uzi ikintu kiri hirya y'iyi si, kandi ukaba uzi ikintu muri iyi si utari warigeze kumenya, ugatahura ibintu vyinshi udatahura canke utahora utahura. uko ni kwo gutahura.

Hanyuma rero iyo wuguruye uko gutahura, canke icitwa ubwenge, uzotahura neza uwo uriwe, n'igituma uri hano n'ibindi vyinshi biri hirya y'iyi si, n'uwundi, hirya muri canke uretse kuba uw'aha kw'isi. Hari ibintu vyinshi. Rero intambwe yo ni ubwoko bw'ingero zitandukanye z'ugutahura nka kurya uronka urupapuro rw'umutsindo mw'ishure. Uko wiga ni ko umenya vyinshi, gushika uronse urupapuro rw'umutsindo.

Biragoye gusigura ikintu kitaboneka, ariko nagerabeje. Ni ubwoko bwo kumenya. Biragoye gusigura ukumenya. Iyo ugiye mu ngero zo hejuru mu vyo gutahura, ukumenya kwawe kuba ugutandukanye. Uramenya ibintu mu buryo butandukanye, wiyumva mu buryo butandukanye. Wiyuumva uri mu mahoro, mu gacerere, mu munezero. Nta bwoba ugira, kandi ibintu vyose mu buzima bwawe urabitahura. Uramenya ukuntu wogenza ibintu,

hamwe no gutorera neza umuti ingorane. No mu buzima busanzwe urunguka. Hanyuma uko umererwa —ni wewe wenyene ushobora kubimenya. Biragoye gusigura bino bintu. Ni nk'uko woba warongoye umukobwa ukunda, uko umererwa, ni wewe wenyene ushobora kubimenya. Nta wundi n'umwe ashobora kubikwumvira.

**IK:** Nyakwubahwa Mwigisha, turagushimiye ku nsiguro waduhaye. Ndibaza nimba woshaka kwitaho ikintu kiri mu gutahura kwanje. Kubera iki hari Abigisha benshi kw'isi ubu badufasha kumenya n'ingoga, mu gihe kera vyari bigoye? Ivyo woshobora kuvyitaho?

**M:** Ego, ata nkeka. Kuko muri ibi bihe vyacu biroroshe guhanahana amakuru. Turamenya neza ivyerekeye abigisha kuruta kera. Si uko vyari kera Abigisha ntibabaho, canke ntibashobora gushikirwa. Kanatsinda, ni ivy'ukuri ko Abigisha bamwebamwe vyoroshe kubashikira kuruta abandi. Biva ku vyo ahisemwo canke ku bugombe bwiwe bwo gutanga, canke ivyo ashaka gushikako n'abantu muri rusangi. Ariko, muri buri gihe, hama hari Umwigisha umwe, babiri, batatu, bane canke batanu. Biva ku biba bikenewe muri ico gihe. Dushobora kuba tuzi ko ubu dufise Abigisha benshi b'ingero zitandukanye kuko muri ibi bihe vyacu twatomboye kuba dufise uburyo bwo kumenyeshya, imboneshakure, amaradiyo n'ibitabu, dukora ari amamiriyoni, canke mu mamiriyoni ibihumbi mu kanya gato cane.

Kera, dushaka gukora igitabu, twabanza guca igiti cose kikagwa hasi, tukagisatura dukoresheje ishoka zitameze neza zapfuye mu kanya gato kandi zitabandanije zikoreshwa mu bindi bihe. Hanyuma tukabihanagura neza dukoresheje amabuye canke ibindi bintu, hanyuma tukabona kwandikako ijambo rimwerimwe inyuma y'irindi. Nko mu gihe waba ushaka gutwara nk'umutwaro umwe w'ama bibiriya, wokoresheje imikogote, canke imiduga minini nimba yoba yari ihari muri ico gihe. Ni co gituma tuzi Abigisha benshi.



Ego, ni igihamana, ni vyiza cane kuri mwebwe mubifise–mushobora gusuma, mushobora kwitorera ico mushaka. Bimeze uko nta muntu ashobora kubifatira akavuga ngo “Ni jewe ndi mwiza.” Murashobora kugereranya mukoresheje ubwenge bwanyu, n’ubumenyi guca urubanza: “Oh! Uyu ni mwiza gusumba,” canke “Uyu ni we nkunda gusumba,” “ Mu maso hateye ubwoba,” “ Oh! Urya asa nabi”. (agatwengo)

**IK:** Ko mwavuze ivyo kwitorera, Urashobora kwemera kumenyereza umuntu yari amaze kumenyerezwa n’uwundi Mwigisha?

**M:** Ndabishobora gusa mu gihe uyo muntu yemera ata gukekeranya ko nshoboye kumushikana ku rugero rwo hejuru kandi vyihuta gusumba. Ahandi ho ni vyiza kuguma ku Mwigisha umwe mu gihe wumva umukunda kandi umwizigiye. Mu gihe ubona ko Umwigisha wawe ari nyawe, ntumuhindure. Mu gihe ugumanye amakenga, kandi ukaba utararonka wa Muco n’ Ijwi navuga, aho wogerageza. Ego, kuko Umuco n’Ijwi ni vyo bipimo urabirako Umwigisha nyawe. Uwudashoboye kuguha Umuco n’Ijwi ubwo nyene ntaba ari umwigisha nyawe, murambabarire kuri ivyo. Inzira ija mw’Ijuru igizwe n’Umuco hamwe n’Ijwi.

Nka kurya uja kwibira mw’Ibahari, utegerezwa kuba wambaye igikoresho c’impemu n’ibindi. Hari ibintu vy’intumbero zitandukanye. Ni co gituma mubona Aberanda bose bafise **urugori**. Uyo ni umuco. Mu gihe ukoresheje buno buhinga, urakayangana Umuco nk’urya bashira ku bishusho vya Yesu, kandi n’abantu barashobora kuwubona. Abantu bari **psychic** bashobora kubona Umuco wawe. Ni co gituma bashushanya Yesu yambaye **urugori**, kandi bagashushanya Buddha bakikujwe n’Umuco. Murashobora kubona abaozi bo mu rwego rwo hejuru bafise uyo Muco iyo mwugurutse. (Umwigisha yerekana amaso Yiwe y’Ubwenge) Abantu benshi barashobora kubibona. Hari n’umwe muri mwebwe

muri hano yoba amaze kubibona? Wewe? Wabonye iki koko?

**IK:** Ni vyo. None ndashobora kubona ugukayangana.

**M:** Egome ariko ibikayangana biratandukanye n'Umuco. Ibikayangana bifise amabara atandukanye, rimwe na rimwe usanga vyirabura, ahandi bisa n'ikawa, ikawa y'ibara, ahandi bigasa n'umuhondo, canke bigatukura. Biva ku kuntu yifashe ico gihe. Ariko iyo mubonye umuntu ageze kure mu vy'impwemu, muramenya ko ivyo bitandukanye. Ni vyo?

**IK:** Nta kibazo mfise vy'ukuri. Gusa narigeze–narigeze kugira raja yoga mu gihe kanaka. Hanyuma nibaza ko nabonye ugukayangana. Nshaka kuvuga muri ico gihe, sinari mfise ubumenyi bukwiye, gutahura gukwiye.

**M:** None ubu ntukibibona? Ubibona rimwe na rimwe gusa?

**IK:** Oya, ubu sindimbura.

**M:** Ni co gituma, waratakaje inkomezi zawe. Wosubira ukarimbura. Nimba uguma wizigiye ivyo, wotegerejwe kubandanya urimbura. Biragufasha gutera imbere. Ntibiteye isoni. Ni vyo?

**IK:** Nabonye ko hari ingingo zitanu ngenderwako mu gatabu kawe. Mbega umaze kumenyerezwa utegerezwa guca ubaho wisunze izo ngingo?

**M:** Egome, egome, egome. Aya ni amategeko agenga ivya-remwe.

**IK:** Sintahura ico "kwitwara nabi mu vyo guhuza ibitsina" bisigura.

**M:** Ni ukuvuga ngo niba ufise umugabo, nturondere uwundi. (Agatwengo) Biroroshe cane. Gerageza kworosha ubuzima bwawe, wirinde ingorane n'amahane mu vyiyumviro. Egome. Birababaza abandi bantu. Ntitwobabaza abandi bantu, eka no mu vyo kwiyumvirana. Ni uko bimeze. Tugerageza kwirinda amahane. Gerageza kwirinda umubabaro mu vyiyumviro, ku mubiri, ku

mutima ku bantu bose, cane cane abo dukunda, nta kindi.

Niba uza umufise , ntubimubwire. Bibabaza cane iyo ubivuze. Gerageza kubitorera inyishu buhorobuhoro kandi neza, ariko ntubimwaturire. Kuko rimwe na rimwe abantu bibaza ko iyo hari aho utigenjeje neza, hanyuma ukaja i muhira ukabibwira umugore canke umugabo wawe ngo uba ubaye umunyakuri. Ntaco bimaze. Nta ciza kirimwo. Uba umaze gukora ikosa, kubera iki wozana imyanda i muhira ngo abandi babinezerezerwe? Iyo atabizi, ntibishobora kumubabaza gushika iyo hose. Kumenya ikintu ni vyo bibabaza. Kubw'ivyo, twogerageza gutorera umuti iyo ngorane ntifugisubire, ni ivyo. Ni vyiza rero kutabibwira uwo mwubakanye kuko vyohava bimubabaza, bibabaza uwo mwubakanye.

**IK:** Maze kubona ko umengo Abigisha benshi bo mu vy'impwemu nta **kibababaza**. Hari isano ki hagati yo kwirengagiza **ivyokubabaza** n'ivy'impwemu?

**M:** Nibaza ko bama banezerewe, bagononokewe, kandi banezerezwa na buri kintu. Barashobora kwitwengana, canke bagatwengera n'abandi; bagatwenzwa n'ibiteye isoni muri ubu buzima mu gihe abantu benshi bavyitayeho cane bakabishimikamwo.

Inyuma yo kwimenyereza mu buryo kanaka, turatinda **“tukiyibagira”**, ntitwumva tugishimitse. Nimba twopfa ejo, ni ugupfa; nimba twobaho, turabaho. Nimba tubuze vyose, turabibura, niba turonka vyose, turabironka. Turonka ubwenge n'ubushobozi bukwiye bwo kumenya uko twifata mu bidushikira vyose iyo tumaze kuronka umuco. Rero nta na kimwe kiduca umutima. Duca dutakaza ubwoba bwacu, duca dutakaza ukwihebura. Nico gituma tuguma tugononokewe. Duca twumva dutandukanye n'iyi si. Ari ivyo turonse, canke ivyo dutakaje, ivyo ntaco biba bikivuze kuri twebwe. Nimba turonse ibintu vyinshi, ni kubw'inyungu

y'abantu, rero duca dutanga, kandi ni kubw'inyungu y'abo dukunda. Atari uko ntitwifata canke ngo dufate ubuzima bwacu nk'ikintu gihambaye ku buryo twotegerezwa guca mu ntambara n'imibabaro kugira ngo tubugumane. Tubugumanye, ni vyiza cane. Si ukuvuga ko twigumira mu buriri umusi wose twiryamiye ku buriri bw'imisumari, tuzirikana gusa. Ariko turakora.

Nk'akarorero, ndacakora. Ndasiga irangi, nkongera nkajisha kugira ndonke ikintunga. Kubw' ivyo sinakira imfashanyo y'umuntu n'umwe. Mbere ndonka n'amahera menshi ngafasha n'abandi. Nshobora gufasha impunzi, abasinzikajwe n'ivyaduka, n'abandi. Kubera iki tutokora? Dufise ingabire nyinshi n'ubushobozi, kandi ubuzima buroroha cane iyo tumaze kuronka umuco ku buryo tutotegerezwa kwihebura. Dushobora gutekereza gusa. Uko ni ko umutima wo kutigoroga uva. Nibaza ko ari uko biri.

Mubona ntikoroga? ( Abumviriza: Egome) ( Atwengo no gukoma amashi) Rero, ngirango ndashobora kuba Umwigisha w'ubundi bwoko Eh? ( Agatwengo) Reka tuyizigire gurtyo, ko mutumvirije umuntu ataronka umuco mu masaha abiri yose–mutakaza umwanya wanyu.

**IK:** Hari ibibazo twebwe turondera agakiza twama tubaza, hanyuma bakatubwira ivyanditswe hamwe n'inkuru, nashaka kwumva ico Ubivugako. Ica mbere: Turi bande? Ndi nde? Kandi nashoboye gushika muri iki gihe kigoye ndimwo gute ngo nsubire i Muhira? Navuye i muhira gute kandi ni kubera iki ari ivy'akamaro gusubira i Muhira? Wavuze ibijanye no gusubira ku Rwego rwa Gatano, kandi ko bidakenewe kuba ngirakamaro ngo tuharenga. Ariko niba hari aharenze aho, ni iyihe ntego yavyo? Dufitaniye isano ki niba ntategerezwa gusubirayo?

**M:** Bibaye ibitwenga rero, (Agatwengo no gukoma amashi) Egome. Ku vyerekeye ikibazo "Ndi inde?" woshobora kuja kubaza inyigisho za Zen, kandi ziragwiriyeye muri Reta ya New York. Mworaba mu

mpapuro zisa n'umuhondo. (Agatwengo) Si ndi umuhinga muri ivyo. Ku kigira kabiri "kubera iki uri hano?" Ngira ngo ni kubera washatse kuba uri hano. Canke ubundi ni nde yodutegeka kuba hano kandi turi abana b'Imana. Abitwa abana b'Imana bameze nk'Imana ubwayo. Si vyo? Umuganwa ni co kimwe n'Umwami mu bintu bimwebimwe, canke n'imiburiburi nk'umwami, canke uwimirije kuzoba umwami. Kubw'ivyo mu gihe yipfuye kuba ahantu kanaka ni ho abayo gusa. Ivyo arivyo vyose, turidengemvya mu guhitamwo kuja mw'ijuru canke kuja ahandi kwirabira ubwacu. Ni co gituma-woba wahisemwo kuba hano kuva mu ntango, mu bihe vyinshi biheze, kwiga ikintu **kidasanze**, ikintu gitweye ubwoba. Abantu bamwe barakunda guca mu biteye ubwoba.

Nk'akarorero, umuganwa arashobora ari mu kirimba, ariko akaguma azunguruka mw'ishamba kuko yipfuzaga kwirabira ibintu kanaka mu bidukikije. Bishobora kuba ari ko bimeze. Birashoboka ko twari tubuze amahoro, tukabura amahoro turi mw'ijuru, kuko naho vyose vyari bihari babituzanira ku miryango y'ikirimba cacu hanyuma tugashaka kugira icyo twikoreye ubwacu. Ni co kimwe n'abo mu nzu y'umwami, rimwe na rimwe baripfuzaga kwitegurira imfungurwa, kandi ntibipfuzaga ko abasuku bababa hafi. Kandi barisukako isosi n'amvuta, bakabikwiragiza hose, ariko bakabikunda. Ntibisa n'uko abaganwa bategerezwa kuba bameze, ariko barabikunda.

Nk'akarorero, ndafise abantu bantwarira imodokari. Aho ngiye hose, abantu bipfuzaga kuntwarira imodokari. Ariko rimwe na rimwe nipfuzaga kwitwarira imodokari. Ngendera ku kamodokari kanje k'amapine atatu, nta mwotsi ukavamwo, gakoresha umuyagankuba- kagenda ibirometero icumi mw'isaha. Uko ni ko nkunda kuzunguruka. Kubera ko aho ngiye hose abantu baca bamenya, rimwe na rimwe ndipfuzaga kuja aho batanzi. Numva ngira isoni cane uretse mu gihe ntegerezwa kwigisha kuko kimaze kuba gikorwa canje, kuva aho abantu batanguriye kunyerekanira

bagatuma menyekana gushika n'ubu. Sinshobora guhunga kenshi na kenshi ariko rimwe na rimwe ndahunga, nk'amezi abiri canke atatu

Birashoboka ko wahisemwo kuba hano mu kiringo kanaka. Kandi hashobora kuba hageze ko ugenda kuko wize ibikwiye vy' iyi si, kandi wumva ko ata kindi congeyeko usigaje kwiga, kandi uraruhijwe n'urugendo. Ushaka kuruhuka. Ja I muhira, ubanze uruhuke. Hanyuma urabe nimba ugishaka kuja ku rugendo **rutangaje** canke ko utakibishaka. Ivyo ni vyo vyonyene nshobora kuvuga kugeza ubu.

None ni kubera iki utegerezwa kuja i Muhira? Kandi ngo kubera iki urwa Gatanu atari urwa Gatandatu? Ivyo ni ugushaka kwawe. Uvuye mu rwa gatanu, urashobora kuja ahandi hose wipfuje. Hari izindi ngero vyinshi hejuru. Ariko biranejereje kandi ni ivyo kutagira aho wegamiye kuguma ngaho. Birakomeye cane, hejuru cane, ngira ngo nk'aho ko n'ibindi vyicarwo vyo hejuru bitoba bimeze neza gusumba ngaho. Ushobora kujayo mu gihe gito, ariko ngira ngo ntiwoshaka kuruhuka.

Nk'akarorero, inzu yawe ni nziza, mugabo harimwo ivyumba bimwe bimwe vyo kuruhukiramwo, ariko ntiwipfuzwe kuharuhukira ubuzima bwawe bwose, naho hoba ari hirya y'inzu yawe. Hasa no ku gasozi hejuru, hasa neza gusumba, ariko si ikibanza co kuruhukiramwo. Canke mu gice c'umuyagankuba co mu nzu yawe, imoteri-ivuzwa urwamo, ijwi riranga, ubushuhe, ishushwe kandi iteye ubwoba. Ntiwokwipfuzwa kujayo naho vyoba bikenewe cane kubw'inzu yawe. Nta kindi.

Hari ukutu kw'inshi Imana imeze tutoshobora no kwiyumvira. Igihe cose twiyumvira ko uko tugiyeye ahakirurutse cane, ari ko dukunda cane. Ariko hari ubwoko butandukanye bw'urukundo. Hari urukundo rw'inguvu nyinshi cane, urugundo rukomeye, urukundo rworoshe, urukundo ataho rwegamiye. Vyose biva ku kuntu dushoboye kwihangana. Imana izoduha ingero zitandukanye

z'urukundo. Ni vyo. Ingero zitandukanye, tanga ingero zitandukanye z'urukundo ruva ku Mana. Ariko rimwe na rimwe, usanga rurimwo inkomezi, twumva umengo turatabaguritse.

**IK:** Mbona gusambura vyaragwiriyeye aho ndi-gusambura ibidukikije. Kwica ibikoko. Nibaza ico mwiyumvira kuri ivyo n'ico mwosaba abantu bagerageza kubandanya bikura kuri iyi si mu buryo bw'impwemu, mu kubafasha kubana neza n'ibibakikije, no kurwanya ihonya ribera aho bari? None wibaza ko kuja hirya y'iyi si bikwiye kugira tumenye ivyo dusize inyuma, canke wumva ko twebwe muri uru rugero dufise igikorwa co kugerageza kugabanya umubabaro? Mbega hari iciza na kimwe vyovamwo?

**M:** Bizoshoboka. Bizoshoboka. N'imiburiburi kuri twebwe, ku gutahura kwacu, ngo twumve ko hari ico turiko turakora kandi twagerageje gukora uko dushoboye ngo tugabanye umubabaro w'ibiremwa nkatwe. Nanje nkora ibisa biryo vyose. Ico mubaba cose, ndiko ndagikora. Naragikoze, ndagikora, kandi nzogikora.

Nari namaze kubibabwira. Ubutunzi bwacu turabuha amashirahamwe atandukanye, rimwe na rimwe, ibihugu bitandukanye, iyo bashikiwe n'ivyaduka. Sinipfuzwa kuvyishimira cane, ariko ni uko mwabajije-nk'akarorero, twarafashije Philippines mu mwaka uheze mu kugabanya umusozi wabo wa Pinatubo. Kandi twarafashije n'abasinzikajwe muri Au Lac, n'abasinzikajwe n'umwuzure mu Bushinwa, n'abandi. Ubu naho turiko turagerageza gufasha impunzi zo muri Au Lac kugira tugabanye umutwari Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU rifise, mu gihe ryoba rishaka ko dufasha. Ariko turiko turagerageza. Turabafashisha amahera, kandi turashobora no kubunguruzwa, iyo ONU ivyemeye, bivuye ku muhezagiro wa ONU.

Egome, dukora ibi bintu vyose mwasavye, kandi kubera ko, kuko turi hano, dutegerezwa gusukura neza ibidukikije uko





















































































































































